ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№11 (24.761) ● 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## Майнерхэм я IуэхущIафэр къызэпауд

**УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий Ингуш Республикэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар теухуауэ щытащ КИФЩI-м майнингым епхауэ щекIуэкI IуэхухэР гъэмэщIэным, абы ехьэлIа хабзэхэр гъэлэжьэным.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ хэгъэгухэм я Iэтащхьэхэр, федеральнэ министерствэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я щIыналъэ къудамэхэм, къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэр. Ар къыщызэIуихым **Чайкэ Юрий** жиIащ иужьрей илъэс зыбжанэм бжыгъэр зи лъабжьэ валютэр «къэгъэхьэрычэтыным» иужь итхэр куэд зэрыхъуар. Абыхэм набдзэгубдзаплъэу уакIэлъымыплъмэ, жэуапым йомышалIэмэ, а ирагъэкIуэкI финанс операцэхэм къыпэкIуэнкIэ хъунур щIагъуэкъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зегъэужьыным ахъшэ халъхьэфынущ. Къыщынэмыщlауэ, криптоахъшэр экономикэ шынагъуэншагъэми зэран хуэхъуфынущ.

Нэгъабэ ди къэралым къыщащтащ абы теухуа унафэ зыбжанэ. 2025 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ хэгъэгуиблым яхыщу хым (Ставрополь крайм къыщынэмыщIауэ) бжыгъэр зи лъабжьэ валютэр зыIэрыгъэхьэным телэжьэну хуитыныгъэ щыIэкъым.

«Ауэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм къызэратамкIэ, а Iуэхум кIэ щратакъым щIыналъэхэм, электрокъарур ягъэсу абы иужь итхэр щыIэщ. Майнингыр къызэрагъэсэбэпым и зэранкIэ, щIыналъэм и электрокъарум и Iыхьэ тхуанэр ядыгъу. ДяпэкIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ электрокъарур къызэзыгъэпэщхэмрэ зэгъусэу елэжьын хуейщ майнинг лэжьыгъэр къызэпыудыным, майнерхэм къагъэсэбэп IэмэпсымэхэР къатехыным, апхуэдэ IуэхущIапIэ цIыкIухэр къызэIузыххэм я деж щегъэжьауэ IэмэпсымэР зэтезыухуэхэм я деж щиухыжу жэуапым ешэлIэным. МайнингкIэ лажьэ щыIэмэ, ар къыщIагъэщын, къызэпаудын хуейщ», - жиIащ Чайкэ Юрий.

КъаIэта Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ УФ-м энергетикэмкIэ и министр **Грабчак Евгений**, УФ-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр **Угнивенкэ Дмитрий**, УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм Федеральнэ хабзэхэр гъэзэщIэным кIэлъыплъынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и тхьэмадэ **Данилов Дмитрий**, Урысейм и МВД Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI **Бачурин Сергей**, Къэрал Думэм ЭнергетикэмкIэ и комитетым и Iэтащхьэ **Шульгинов Николай**.

ЩIыналъэхэм щекIуэкI лэжьыгъэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Ингуш Республикэм и Iэтащхьэ **Калиматов Махмуд-Алий**, Дагъыстэн Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Абдулмуслимов Абдулмуслим**, Шэшэн Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Даудов Магомед** сымэ.

## Тхыдэм и напэкIуэцI гуузщ

Ленинград къэзыувыхьауэ щыта зэрыпхъуакIуэхэр щрахужьэжа махуэр зэрагъэлъапIэм езыр зэреплъым Къэбэрдей - Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым щытопсэлъыхь

- ЩIышылэм и 27-м догъэлъапIэ Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэр. Ленинград нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 81-рэ ирикъуащ. Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцIхэм нэхъ гууз дыдэу хэтхэм ящыщщ немыцэхэм Ленинград ирагъэшэча гузэвэгъуэр. Нева псым Iус къалэм щыпсэухэмрэ Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэмрэ илъэситIрэ ныкъуэкIэ бий гущIэгъуншэм пэщIэтащ.

Ленинграддэсхэм хьэзабу яшэчар къэлъытэгъуейщ – я унагъуэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яфIэкIуэдырт, мэжэщIалIагъэм ихьыжхэрт, щыгъыныджэхэт, я унэхэр зэтекъутат, зэпымыууэ лагъымыр къалэм къыщыуэрт.

ЦIыхухэм къалъыкъуэкIа лIыгъэр, совет сэлэтхэм я хахуагъэр, Дзэ Плъыжьым и офицерхэр къызэримыкIуэтам и фIыгъэкIэ къызэпыуда хъуащ бийм и мурадхэр. Щхьэмыгъазэу бийм пэщIэуващ щыта Дзэ Плъыжьым мымащIэу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэри.

Ленинград зэрыпхъуакIуэхэм къаувыхьа нэужь, къалэдэс, ди зауэлI куэд хэкIуэдащ, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм я псэр щIату. Къалэ-Лlыхъужьыр хуит къэщIыжыным зи гъащIэр хэзылъхьахэр игъащIэкIэ ди гум илъынущ. Ленинграддэсхэм я лIыгъэм ди щхьэр худогъэщхъ. Урысейм и цIыху псоми ди гум илъщ тхыдэм и напэкIуэцI гуузхэр. Ар къэралым и цIыхухэр зэкъуэтын зэрыхуейр къэзыгъэлъагъуэщ.

Ленинград хуит къэзыщIыжахэм я лIыхъужьыгъэр нобэ къэралыр бийм щызыхъумэхэм я дежкIэ щапхъэщ.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ 80

## Фэеплъыр зэманым нэхърэ нэхъ лъэщщ

**Налшык дэт щIалэгъуалэм я унэм и утыкум щIышылэм и 27-м щекIуэкIащ Урысейм и зауэлI щIыхьым и махуэр – Ленинград къэзыувыхьауэ щыта фашист зэрыпхъуакIуэхэм къалэр совет зауэлIхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 81-рэ зэрырикъум теухуа Iуэхур.**

«БЛОКАДНЫЙ ХЛЕБ» урысейпсо Iуэхур къызэрагъэпэщ гъэ къэс, Ленинград и тхыдэм, щIыIэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ къызэзынэкIа цIыхухэм я щхьэм кърикIуа гузэвэгъуэхэм щIэблэр хагъэгъуэзэн, ар зыщамыгъэгъупщэн папщIэ. Къэралым и щIыналъэ псоми щагъэлъапIэ махуэ 872-кIэ нэмыцэхэм яIыгъа Ленинград къалэр щхьэхуит къыщащIыжа махуэр, ленинграддэсхэм зэрахьа лIыгъэр ягу къагъэкIыжу.

Хабзэ зэрыхъуауэ, зэхуэсыр Урысейм и гимнымкIэ яублащ. Къалэр щхьэхуит щIыжыным зи псэр щIэзытахэм, абы хэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ зэхуэсахэр.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и тхыдэм уриплъэжмэ, зэрыкъалэу апхуэдэу зэман кIыхькIэ къыщаувыхьар а зэрщ. Абы цIыху мелуан ныкъуэм щIигъу хэкIуэдами, бийм зратакъым. Уеблэмэ, зэрыпхъуакIуэхэм я нэхейкIэ, цIыхубэм зэпагъэуакъым театрым кIуэн, къэфэн, макъамэ едэIуэн.

А зэманым щIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэм и уасэр зыхуэдизыр къэлъытэгъуейт, цIыху гъащIэм и уасэм пэкIуэрти. А гугъуехьыр зышэчахэм къаIуэтэж щIакхъуэ фIыцIэм нэхь лъапIэ абыхэм я дежкIэ нобэр къыздэсым зэрыщымыIэр. Гитлер и зауэлI япэщIыкIэ гъавэ хъумапIэхэр, ерыскъыхэкIхэр щащэ тыкуэнышхуэхэр зэхакъутат. Бийм и зэранкIэ дунейм «къыпыча» хъуа, мэжэщIалIагъэмрэ щIыIэмрэ иукI ленинграддэсхэр зэралъэкIкIэ щIэбэнащ езыхэм, я благъэхэм, Iыхьлыхэм, къалэм къыщхьэщыж зауэлIхэм я гъащIэм.

Ленинград къалэр къыщаухъуреихьам абы цIыху мелуанищым нэблагъэ щыпсэут. Иужьрейуэ къызэрабжамкIэ, а къэхъугъэ шынагъуэм цIыху мелуаным щIигъум я гъащIэр ихьащ икIи абыхэм ящыщу мин 400-р сабийщ. НыбжьыщIэхэр къеджащ зи дневникыр Ленинград и тхыдэ музейм щахъумэ, илъэс 12 зи ныбжь, къаухъуреихьа къалэм къыдэна Савичевэ Таня и унагъуэм теухуа хъыбар гуузыр зи лъабжьэу ятхыжа усэм.

Ладогэ гуэлым кIуэцIрыкIыу щыта, лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа «ГъащIэм и гъуэгум» и фIыгъэкIэ ленинграддэс куэд къырагъэлащ. Бийм къиувыхьа къалэм дэсхэм щыщ къызэрыдашари абы щылажьэ, щызауэ, щыпсэу цIыхухэр зыхуеинухэр, ерыскъым къыщыщIэдзауэ зэрызэуэну Iэщэм щыщIэкIыжу, зэраIэрагъэхьэри а гъуэгурат. Абы щыгъуэми нэмыцэ артиллериемрэ авиацэмрэ къеуэу, мылым кIуэцIрыхухэу километр 30-м нэблагъэ зэпачын хуейт, дакъикъэ къэс псэзэпылъхьэпIэ ихуэу. Бийм къиухъуреихьа къалэр 1944 гъэм щIышылэм и 27-м щхьэхуит къэзыщIыжа лIыхъужьхэм я зэфIэкIыр къэралым и тхыдэ напэкIуэцI лъапIэхэм ящыщ хъуащ.

Мы гъэми зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIынущ Хэку зауэшхуэр ТекIуэныгъэ ИнкIэ зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ. Ленинград блокадэр дэфтэрхэм, сурэтхэм, тхыдэм ехьэлIа тхылъхэм и мызакъуэу, ленинграддэсхэм ягу къинэжащ икIи абы ящыщ куэдым яхъумащ цIэ-унэцIэр зытетхауэ щыта, щIакхъуэ къызэрырат карточкэхэр. Грамми 125-рэ хъу щIакхъуэ Iыхьэр урысейпсо Iуэхум и дамыгъэщ.

ЗэIущIэм хэтахэр ирагъэдэIуащ а зэманым яуса уэрэдхэмрэ усэхэмрэ. «Блокадный хлеб» усэм еджакIуэхэм къащыхуеджэм, къызэхуэсахэм хуагуэшащ къалэдэсхэм къалъысу щыта грамми 125-рэ хъу щIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэхэр зыщIыгъу карточкэхэр.

- Ныбжьэгъухэр, дэзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэр, лIыхъужьхэр, щIэблэр мыбдеж щызэхуэсащ тхыдэм и напэкIуэцIхэр ягу къагъэкIыжын папщIэ, – жиIащ Налшык къалэм Зауэм, IэщэкIэ ЗэщIэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Абдуллаев Мустэфа. – Ленинград къалэр зэтезыкъутэпэну, зыгъэсеижьыну зи мурада фашистхэм ар къехъулIакъым. ЦIыхухэм я лIыгъэр зэи тщыгъупщэнукъым! Фэеплъыр зэманым нэхърэ нэхъ лъэщщ. Ди пщэдейр зэлъыта щIалэгъуалэм тхыдэр зэвгъащIэ, апхуэдэ гузэвэгъуэм дыщыфхъумэн папщIэ.

КъыкIэлъыкIуэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Боевое братство» гъэзэщIакIуэ комитетым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI, Абэнокъуэ Владимир, дзэ Iуэху хэхам хэтахэу зауэм и ветеран Бозиев Магомедрэ Мазло Заурбэчрэ, нэгъуэщIхэри. НэхъыжьыфIхэр зыпхыкIа гугъуехьхэр щIэблэм зыщамыгъэгъупщэну, тхыдэм дерсхэр къыхахыну, Хэкум сытым деж и къыщхьэщыжыным хуэхьэзырыну къыхураджащ абыхэм.

Хэку зауэшхуэм и зэманым фашист зэрыпхъуакIуэхэм къаувыхьа Ленинград къалэр совет зауэлIхэм щхьэхуит къызэращIыжар ди къэралым и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъыфIхэм ящыщщ. Совет зауэлIхэм, къызэрыгуэкI мамыр цIыхухэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щIэблэм я дерсщ икIи я щапхъэщ. «Блокадный хлеб» урысейпсо Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ ленинграддэсхэм зэрахьа лIыгъэм и тхыдэ фэеплъхэр яхъумэнымкIэ.

«Блокадный хлеб» Iуэхур къызэрагъэпэщащ «Волонтёры Победы» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм, КъБР-м и ЩIалэгъуалэ центрым, КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ «Пэрытхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.

## Ленинград хуит къыщащIыжар

**1944 гъэм щIышылэм и 27-м хуит къащIыжауэ щытащ махуэ 872-кIэ фашистыдзэм иIыгъа Ленинград къалэр. Совет цIыхухэм къалъыкъуэкIа хахуагъэр нэхъри наIуэ къищIащ абы.**

1941 гъэм фокIадэм и 8-м яубыдащ къалэр. «Дзэ щIэнгъуазэм» къыщыхьащ «Ленинград и блокадэм» теухуауэ Гитлер и унафэкIэ зэхагъэуваууэ щыта тезисхэм щыщхэр. «ЯпэщIыкIэ Ленинград доубыдри къыдогъэбыдэкI, итIанэ зэхэкъутэн щIыдодзэ артиллериекIи авиацэкIи. Гъатхэм абы къыдэнэну цIыхухэр гъэру доубыд, къэсэбэпыну къалэм къыдэпш хъунур къыдыдошри, а щIыпIэр щым щыщ дощIыж». Апхуэдэ щIэпхъаджэ фIейм папщIэ бийр щысхьынутэкъым и цIыхуи, и къаруи, и Iэщи. Къалэм траунэщIащ топышэ мини 150-м нэблагъэ, лагъыми 107-рэ.

Къалэм дэсхэр зауаем и бэлыхьым хэхуат. Ерыскъыпхъэ гъэтIылъыгъэу яIэр егъэлеяуэ мащIэт. 1941 гъэм фокIадэм и 12-м ирихьэлIэу курпIэуэ, щIакхъуэу, лыуэ махуэ 30-35-кIэ, фошыгъуу – махуэ 60-кIэ зрикъун фIэкIа яIэтэкъым. ФIамыщIыр зэрагъэзахуэмэ, щэкIуэгъуэ мазэм нихьэсынут.

Блокадэр зэрекIуэкIа пIалъэм къриубыдэу абы хэкIуэдащ цIыху минищэхэр. 1965 гъэм Ленинград и тхыдэр зыджыжа щIэныгъэлIхэу Соболев Г. Л, Ковальчук В. М сымэ «Впросы истории» журналым къытрагъэдзауэ щытащ «Ленинградский реквием» тхыгъэр, Хэку зауэшхуэм и зэманым Ленинград зыхэта мафIэ лыгъэмрэ абы и цIыхухэм къатепсыха гуауэ-гукъутэмрэ теухуар. Абы къыщыхьат мэжэщIалIагъэм илIыкIахэм я бжыгъэр мин 800-м нэблагъэу. 2022 гъэм УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм Ленинград и блокадэр лъэпкъгъэкIуэду къалъытэнымкIэ иригъэкIуэкIа суд Iуэхухэм тещIыхьауэ къагъэлъэгъуа бжыгъэр шынагъуэщ – Ленинград щыкIуэдат цIыху мелуаным щIигъу. Ар 1941 гъэм щегъэжьауэ къалэм дэса цIыхухэм я Iыхьэ щанэ мэхъу.

1944 гъэм щIышылэм и 27-м Ленинград хуит къащIыжащ Ленинград-Новгород операцэм тету. Абы и щIыхькIэ артиллерие гъэуэгъуэу 24-рэ зи пэбж хьэрэкIытIэ драгъэуеящ. Ленинград и блокадэр щиухам абы дэсыжыр цIыху мин 800 фIэкIа хъуртэкъым.

1945 гъэм накъыгъэм и 1-м Сталин Иосиф и УнафэкIэ Ленинград хабжащ къалэ-лIыхъужьхэм. 1944 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м Ленинград Кустарнэ музейуэ щытам деж къыщызэIуахащ «Героическая оборона Ленинграда» гъэлъэгъуэныгъэр. 1945 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м абы «Музей обороны и блокады Ленинграда» цIэр фIащыжащ.

1965 гъэм накъыгъэм и 8-м Ленинград «Къалэ-ЛIыхъужь» цIэр фIащри, «Дыщэ вагъуэ» медалри хуагъэфэщащ. 1989 гъэм Ленсоветым и исполкомым и унафэкIэ ягъэуващ «Житель блокадного Ленинграда» дамыгъэр. Илъэс къэс щIышылэм и 27-м Урысейм щагъэлъапIэ Ленинград бийм къызэрыIэщIахыжам и махуэр.

**ГЪУЭТ Синэ**.

## ИрагъэфIэкIуэнущ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я IуэхущIафэхэр къызэгъэпэщынымкIэ IэнатIэм и унафэщI Мэртазэ Борис. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ IуэхущIапIэр 2024 гъэм зэрехъулIамрэ адэкIэ къапэщыт къалэнхэмрэ.**

IЭНАТIЭМ и лэжьыгъэм жылагъуэ икIи къэрал мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар епхащ ди цIыхухэм, IуэхущIапIэхэм я хабзэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ хъумэным. БлэкIа илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэзыгъэкIуж судыщIэхэр хэплъащ Iуэху мин 250-м.

Мы зэманым ирихьэлIэу КъБР-м и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я суд хэщIапIэ псоми я мылъку-техникэ лъабжьэр зэпэщу къызэгъэпэщащ, Урысейм и суд приставхэм я къэрал къулыкъущIапIэм электрон жыпхъэм тету зэрызыпащIэн Iэмалхэр яIэщ. Лэжьыгъэм бжыгъэ технологиехэр жыджэру къыщагъэсэбэп хъуащ, абы и лъэныкъуэкIэ IэнатIэм и зэфIэкIыр хуэдитIкIэ хэхъуащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрыр а Iуэхум зэрехъулIэмкIэ къэралым и щIыналъэ пашэхэм ящыщ зыщ.

IуэхущIапIэм зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэрал граждан IэнатIэр егъэфIэкIуэныр, иджырей хъыбарзехьэ технологиехэр лэжьыгъэм жыджэру къыщыгъэсэбэпыныр, IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэныр.

## Лъэныкъуэ куэдкIэ дыпэрытщ

**Мэзкуу зэIущIэ зыбжанэ щригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ахэр епхат Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащIэ щIыкIэмрэ республикэм хьэрычэт Iуэху щезыгъэкIуэкI инвесторхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэнымрэ.**

2025 ГЪЭМ къриубыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проект 12-рэ къэрал проекту 38-рэ щызэфIахынущ. ХуэгъэфэщауэI, абыхэм хуаутIыпщынущ сом мелларди 10-м нэс.

Лъэпкъ проектхэм щIыналъэм щыпсэу цIыхубэм я псэукIэр лъэныкъуэ псомкIи къызэщIаубыдэ: егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, щэнхабзэр, спортыр, мэкъумэшыр, туризмэр, гъуэгу-транспорт хозяйствэр, псэупIэ-коммунальнэ къудамэр, къинэмыщIхэр.

КъытпэщылI илъэсищым унэ ухуэн, зехьэн, зэгъэпэщыжын IуэхукIэ объект 200-м елэжьыну я мурадщ.

«Лъэныкъуэ куэдкIэ ди республикэр пэрытщ. Дызытет лэжьэкIэ щIэгъэхуэбжьам дыкъытекI хъунукъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я гъащIэр ефIэкIуэн папщIэ, тлъэкI къэдмыгъанэу, дэтхэнэ зы къалэнри нэгъэсауэ дгъэзэщIэнущ», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

## Холокостым и гущIэгъуншагъэр

Фашизмэм и залымыгъэ

**ЩэкIуэгъуэм и 27-р Холокостым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. «Холокостым» къикIыр «зэтегъэсхьэн» жиIэу ащ. А зы псалъэм къигъэлъагъуэу къысфIощI фашистхэм журтхэм гущIэгъуншагъэу кIэлъызэрахьар зыхуэдэр.**

ФЭЕПЛЪ махуэр щыIэн зэрыхуейр къиищтауэ щытащ Лъэпкъхэм я Зэгухьэныгъэм и Ассамблеем 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м. Ар я жэрдэмт Израилым, Канадэм, Урысейм, Украинэм, США-м.

Германием журтхэр зэхэзехуэн ищIын щIидзагъэхэт 1933 гъэм. Ауэ, зэратхыжымкIэ, лъэпкъыр гущIэгъуншэу щызэтриукIар ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и илъэсхэрщ (1939 – 1945 гъэхэм): япэщIыкIэ зи гъунапкъэхэр гъэбыда жылэ щхьэхуэхэм даубыдэрт, КъуэкIыпIэ Европэм щызэтраукIэрт, иужькIэ, псэууэ къыздимыкIыжын Освенцим, Треблинк, Белжец лагерхэр яхуат (1941 гъэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэ пщIондэ щыIащ). 1945 гъэм и гъатхэм ирихьэлIэу, нацистхэм псори зэхэту цIыху мелуани 6-м нэблагъэ зэтраукIат, зы мелуаныр сабийуэ. «Холокостым» ихьащ журт лъэпкъым и Iыхьэ щанэр.

Нацист лагерхэм я «хьэкухэм» лъэпкъ псо зэрыщагъэсам и дамыгъэу, япэ дыдэу «холокост» псалъэр къэзыгъэсэбэпауэ щытар тхакIуэ Визель Элищ (1950 гъэхэм и пэщIэдзэхэм). 1978 гъэм а фIэщыгъэр иIэу телевиденэмкIэ фильм ягъэлъэгъуа нэужь, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ, къищынэмыщIауэ, хэкIуэда журт мелуанхэм ятеухуа фэеплъхэмрэ музейхэмрэ къыщыунэхуащ Иерусалим, Париж, Вашингтон.

Фэеплъ махуэр щIышылэм и 27-м щIытрагъэхуам и гугъу пщIымэ, а махуэрращ (1945 гъэм) Освенцим лагерь нэхъ ин дыдэр советыдзэм щхьэхуит къыщищIыжар. Абы щыхэкIуэдам и бжыгъэр зыхуэдиз дыдэр нобэр къыздэсым къахуэхутакъым, ауэ тхыдэджхэм иужьрейуэ къыщIагъэщахэм тепщIыхьмэ, цIыху мелуанрэ ныкъуэм ар ноблагъэ (абы и процент 85-р журтт). БжыгъэхэмкIэ мыарэзыхэри щыIэщ. ЗэратхымкIэ, Освенцим лагерым дзэр щыдыхьам, складихкъэнам щIагъщIэлъ, щыIутелъ цIыхухъу щыгъыну - мин 348,8-рэ, сабий щыгъыну – бжыгъэншэ, цIыхубз фэилъхьэгъуэу мин 836,2-рэ къыщагъуэтыжат. НэгъуэщI склад 29-р нацистхэм ягъэсыну хунэсат. Лагерыр 1940 гъэм и гъатхэм къаувыхьа Польшэм и щIыпIэрат къыщызэрагъэпэщар. Ар, зэрыжытIауэ, цIыху мелуан бжыгъэм иужьрей гъуэгуанэ яхуэхъуащ.

1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм зэрыпхъуакIуэхэр Совет Союзым къыщытеуам, гъэру къащтэ ди зауэлIхэри Освенцим лагерым ягъакIуэу щIадзат. ДэфтэрхэмкIэ къызэрагъэлъагъуэмкIэ, абы яшэхэм я процент 75 – 90-р занщIэу ягъэкIуэдырт. Дзэ Плъыжьыр бийм щебгъэрыкIуэм, ялэжьа щIэпхъаджагъэр щIахъумэжын я мураду, газ зыщIаутIыпщхьэу щыта пэшхэр, хьэдэхэр щагъэсыжхэр зэпкъратхыжыну хэтащ, арщхьэкIэ лагерыр зэрыщыту ягъэкIуэдыжыну хунэсатэкъым.

Ди тхыдэм и напэкIуэцI мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ мы Iуэхугъуэри: 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм беслъэнейдэсхэри гъэунэхупIэ ихуат. Бийм къиувыхьа Ленинград къалэм къыдаша сабийхэр зэрыс мафIэгур Кавказым къэсын щхьэкIэ мазиплIкIэ гъуэгу тетыгъащ. Армавир къэсыпатэкъым фашистхэм эшелоныр щызэтракъутам. Абы къела сабий зеиншэхэр мэжэщIалIэрэ къаруушэ хъужауэ шыгухэм ирагуашэри, зы жылэм дэкIрэ адрейм дыхьэурэ (щIакхъуэ Iыхьэ къыхуаший фIэкIа нэгъуэщIкIэ зыкъыщIамыгъэкъуэфу), Беслъэней къуажэм и Iэгъуэблагъуэхэм къэсат. А тхьэмыщкIэ гупыр жылэдэс цIыхубзхэм къыщалъэгъуам, я гур щIэузащ, зыгуэр щIэн хуейти, зэчэнджэщыжри, сабийхэр IэплIэкIэ къащтэурэ унагъуэ-унагъуэкIэ зэбграхащ. Зы жэщым и кIуэцIым Беслъэней къуажэр сабий 32-кIэ нэхъ бей хъуат. Бзылъхугъэхэр еплъакъым сабийхэр зыщыщ лъэпкъми. Абыхэм я нэхъыбэр нэмыцэм игъэкIуэдыну зыщIэхъуэпс журт лъэпкъым щыщт. А зэман бзаджэм апхуэдэ лIыгъэрэ цIыхугъэрэ ди лъэпкъэгъухэм зэрахьэну къару къалъыкъуэкIат. Абыхэм ягъэлъэгъуа щапхъэр дуней псом къыщащIэным теухуауэ иджыри куэд елэжьыпхъэу къыдолъытэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ

# БлэкIам дыхуэвгъэсакъ

**СССР-м къалэ 12-м «Къалэ лIыхъужь» цIэ лъапIэр, Брест БыдапIэм - «БыдапIэ-лIыхъужь» фIэщыгъэр щызэрахьащ. Урысей Федерацэм къалэ 47-м щыхуагъэфэщащ «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэр, къалэ 63-м - «Лэжьыгъэ щIыхьым и къалэ». ЦIыху мелуан 11-м щIигъум Хэку зауэшхуэм щагъэлъэгъуа лIыгъэм пэкIуэу орденхэмрэ медалхэмрэ иратащ. ЦIыху мин 11,5-м щIигъу «Совет Союзым и ЛIыхъужь» хъуащ. ЦIыху мелуан 16-м щIигъум хуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм хахуэу зыкъызэрыщагъэлъэгъуам папщIэ» медалыр.**

АБЫХЭМ я фэеплъыр ди нобэм зэрахъумэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъытэ «Полк уахътыншэ» зыфIащар. Пандемием и пэ, абы цIыхушхуэ хэту ирагъэжьауэ щытащ. Къалэ уэрамхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ, псыежэх ирижэм хуэдэу, лIыхъужь минхэм я сурэтхэр Iэтауэ яIыгъыу балигъхэмрэ сабийхэмрэ кърикIуэрти, зы утыкум деж щызэхуэсыжырт. Ар цIыхум и гур зы лъэныкъуэкIэ щыхэхъуэ, зэми щигъэнэщхъей дакъикъэхэт. «Полк уахътыншэр» 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр зэрагъэлъапIэ зэхыхьэщ. Ар онлайну 2020 - 2021 гъэхэм ирагъэкIуэкIащ, къыкIэлъыкIуэу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэтхэр жылагъуэ транспортхэм къыфIадзэу хуежьащ, абыхэм я щIыхькIэ автопробег къызэрагъэпэщащ (лIыхъужьхэм я зауэ гъуэгуанэхэр къызэрыщ сурэтхэр яIыгъыу). «Полк уахътыншэм», уеблэмэ кхъухькIи «къикIухьащ». «ЛIыхъужьым и сурэтыр щыгъыным тету» зыфIаща Iуэхум хуэди къыхалъхьащ. УФ-м ЩIэныгъэмкIэ и министерствэр хэту, курыт школхэм линейкэхэр къыщызэрагъэпэщ, ныбжьыщIэхэм я лъэпкъым щыщ лIыхъужьхэм я сурэтхэр къыздахь. Ветеранхэм я сурэтхэр къэрал телевиденэмкIэ къагъэлъагъуэ. КъищынэмыщIауэ, «Урысейм и полк уахътыншэ» урысейпсо жылагъуэ хэкупсэ зэщIэхъееныгъэмрэ Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм я зэгухьэныгъэмрэ я жэрдэмкIэ, мы зэманым СВО-м щыIэхэм Хэку зауэшхуэм хэта, зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэта я адэшхуэхэм ятеухуауэ жаIэж хъыбархэм видео трагъэх.

«Урысейм и полк уахътыншэ» урысейпсо жылагъуэ хэкупсэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм и штабым и унафэщI Романовская Аннэ къытхутепсэлъыхьащ КъБР-м Жылагъуэ Iуэхухэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ и министерствэм щIыгъуу, иужьрей илъэсхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

- Мы Iуэхур цIэрыIуэ щIэхъуар псом нэхъыщхьэу ар цIыхубэм къыхэкIауэ щытщи аращ. Япэу ар Интернетым щытлъэгъуам занщIэу дыщIэхъуэпсат, «сыту фIыт дэри мыпхуэдэ къытхузэгъэпэщамэ», жытIэри. ЗэрыфщIэжщи, япэ илъэсхэм цIыхухэр зэхыхьэу екIуэкIащ. КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм и нэIэм дыщIэту, ар едгъэжьэри, республикэм адрей и Iуэхущ IапIэ псори - школхэри, музейхэри - абы жыджэру елэжьын щIадзащ. Мурад нэхъыщхьэу сыт щыгъуи къэнэжыр ди лIыхъужьхэм я фэеплъыр тхъумэнращ, дауи, - жеIэ Романовскэм. - Ди зэманым апхуэдизкIэ хъыбарыщIэхэр куэдщи, абыхэм хагъэпшахъуэ пцIыуэ къагупсысхэри. Сабийр къэгъэнауэ, уеблэмэ балигъри ягъэжэкъуэфынущ абыхэм. Абы къыхэкIыу ди блэкIар щIэблэм едгъэщIэным дыхуэсакъын хуейуэ къысщохъу, дэтхэнэми и унагъуэ, къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэр иджмэ, Хэкум и Iуэхухэми щыгъуазэу къэхъунут. Гъэ къэс «Полк уахътыншэр» ди уэрамхэм дэту ирикIуэным цIыхухэр поплъэ, ауэ зэкIэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу нэгъуэщI IэмалхэмкIэ ар едгъэкIуэкIын хуей мэхъу. Федеральнэ штабым цIыхухэм я гупыжу, я гупсысэу, Iуэху бгъэдыхьэкIэу къагъэлъагъуэр ядеIыгъ. Псалъэм папщIэ, 2024 гъэм «Платформэ-Налшык» IуэхущIапIэр ди гъусэу, «Полк уахътыншэр» япэу псым тету едгъэкIуэкIауэ щытащ. «Шато Эркен» уардэунэм и хъуреягъкIэ ит гуэлым кхъуафэжьейхэм ису ныбжьыщIэхэм я адэшхуэхэм я сурэтхэр яIыгъыу зэпрысыкIат. Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэм къищынэмыщIа, ар икIи щIэщыгъуэ, телъыджэ хъуат - чэтэныр ящхьэщыхуарзэу, уардэунэмрэ абы и щIыбагъ къыдэт къурш лъагэхэмрэ къищу траха а сурэтхэр гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ къэрал псом «щызэбгрылъэтыкIат». Нэхъыбэу зи ужь дитыр щIалэгъуалэр мыпхуэдэ Iуэхухэм дедгъэхьэхынырщ. Псалъэм папщIэ, Хэку зауэшхуэмрэ ТекIуэныгъэ Инымрэ ятеухуауэ литературэ пшыхьхэр, тхыдэмкIэ, сурэт щIынымкIэ, усэ гъэхуауэ къеджэнымкIэ, кином, театрым папщIэ сценарий нэхъыфI тхынымкIэ зэхьэзэхуэхэр гъэ къэс идогъэкIуэкI.

Мы зэманым нэхъыбэу тегъэщIапIэ дощI, Президентым и саугъэтхэр зыт фондыр ди дэIэпыкъуэгъуу, Хэку зауэшхуэмрэ ТекIуэныгъэ Инымрэ теухуауэ дэфтэрхэр зи лъабжьэ фильмхэр гъэхьэзырыныр. Апхуэдэу лэжьыгъи 8 диIэщ. Зыкъытхуагъазэмэ, курыт школхэм, музейхэм ахэр щыдгъэлъэгъуэфынущ. Нэгъабэ япэу утыку къитхьащ «ЕтIуанэ Дунейпсо зауэ. КъухьэпIэм я пцIыр» фильмыщIэр. А лэжьыгъэм уеплъыну хьэлъэщ, къызэрысщыхъумкIи, нэхъыбэу балигъхэращ зыхуэгъэзар. Ауэ пэжращ къыщыгъэлъэгъуари, абыхэм зыщыдгъэгъуэзэн хуейщ. Щапхъэу мыбдеж къэсхьыну сыхуейт нэхъ ипэкIэ ягъэхьэзыра нэгъуэщI зы лэжьыгъи, Кавказыр щхьэхуит зэращIыжрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу къыдагъэкIауэ. Зи гугъу сщIыр «Кавказым папщIэ зауэ - къурш тхыцIэ яхуэмыкъута» зыфIащар. Абы еплъыфынущ нэхъыжьри нэхъыщIэри. Лэжьыгъэр дакъикъэ 20 хуэдиз хъууэ Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпыудащ, курыт школхэм тхьэмахуэм зэ нэхъ мыхъуми сабийхэр щебгъэплъыну фIы дыдэ хъуну къыщIэкIынт. Абы хэтыр цIыху къызэрыгуэкIхэращ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ псоми ящыщхэр къыщопсалъэ - дэтхэнэми и блэкIа, и тхыдэ, я лIыхъужьхэм я хъыбар къыжиIэжу. ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-р мы гъэм щыдгъэлъапIэкIэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэшхуэхэр едгъэкIуэкIыну ди мурадщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Я нэгу щIэкIахэм щагъэгъуазэ

**«Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм Налшык и 14-нэ гимназием и еджакIуэхэм папщIэ къызэригъэпэщащ СВО-м и лIыхъужьхэр зыхэта зэIущIэ. НыбжьыщIэхэм я деж къеблэгъащ дзэ Iуэху хэхам щыIа зауэлIхэу Коваленкэ Романрэ ПщыхьэщIэ Ахьмэдрэ.**

ЗАУЭЛIХЭМ школакIуэхэр щагъэгъуэзащ здэщыIам я нэгу щыщIэкIахэм. Псэзэпылъхьэп Iэм ахэр зэрыIутам теухуауэ жаIэжахэм къыхэщырт хэку лъагъуныгъи, шыIэныгъи, хахуагъи, лIыгъи, зэкъуэтыныгъи. ЗауэлI щIалэщIэхэм къыхагъэщащ дзэ Iуэху хэхам щыIэху курыт еджапIэхэм щIэсхэм хуатха письмохэр къазэрыIэрыхьар, щIэблэм я псалъэ гуапэхэм ахэр нэхъри къимыкIуэт зэрищIар.

**НАФIЭДЗ Данэ.**

# Кавказ Ищхъэрэр - бжыгъэхэмкIэ

**Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм зыужьыныгъэфIхэр иужьрей илъэсхэм ягъуэтащ, псом хуэмыдэу - экономикэмкIэ икIи абыхэм къагъэлъагъуэ зэфIэкIхэр къэралым ику иту щыщыIэ бжыгъэхэм нэхърэ нэхъыбэщ. Псалъэм папщIэ, инвестицэхэмкIэ, банк IуэхухэмкIэ, промышленностымкIэ.**

ЩХЬЭХУЭУ къыхэгъэщыпхъэщ туризм IэнатIэр. КИФЩI-м и щIыналъэ валовэ продуктым абы хуищIа хэлъхьэныгъэр процентти 4,7-рэ мэхъу. Кавказ Ищхъэрэм дежкIэ ар мащIэкъым. Дагъыстэным и закъуэ къэдгъэлъагъуэмэ, а бжыгъэр процентти 6,9-рэ мэхъу. Гугъэ щыIэщ 2030 гъэм ирихьэлIэу КИФЩI-м и щIыналъэ валовэ продуктым туризм IэнатIэм хуищI хэлъхьэныгъэр процентти 7-м нагъэсыну.

ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, 2024 гъэм Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм туристу мелуани 6-м нэблагъэ щыIащ. ИпэжыпIэкIэ бжыгъэр зэрыхъур иужькIэ къыжаIэнущ. Нэгъабэ КИФЩI-м щIыхьэщIахэм я процент 30-р Архъызрэ (турист зы мелуаным нэблагъэ) Iуащхьэмахуэ лъапэмрэ (туристу мин 800-м щIигъу) къалъос.

Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ тригъэт зэпытщ мэл гъэхъун IэнатIэмрэ (псори зэхэту УФ-м щыIэм и процент 40-р КИФЩI-м щызэрахуэ) жызум гъэкIынымрэ (процент 43-р абы къылъос). Псори зэхэту къэралым и мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм и процент 16-р Кавказ Ищхъэрэм щолажьэ.

Гулъытэ хэха зыгъуэтхэм ящыщщ КИФЩI-м и аэропорт инфраструктурэм зегъэужьыныр. Псалъэм папщIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыIэ кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэу 6-м иджыри зы къыдыщIагъуну я мурадщ. Къэрэшей-Шэрджэсым аэропортыщIэ щыухуэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр жыджэру йокIуэкI. Ар яхузэфIэкIмэ, «Архъыз», «Домбей» курортхэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ туристхэм я Iуэхур нэхъ тынш хъунущ.

Экономикэм фейдэ къэзыт и унэтIыныгъэхэм хохьэ энергетикэр. ЖыкIэ лажьэ, электрокъару къэзыту къэралым щынэхъ ин дыдэ паркыр Ставрополь крайм щыIэщ. Дыгъэм къит хуабагъкIэ лажьэ электростанцри зиIэр аращ. Абы нэмыщI, пэхуэщIэшхуэ иджыпсту щагъэзащIэ Дагъыстэным. Абы щаухуэ Новолакскэ ВЭС-р (жыыкIэ лажьэр), МВт 300 и лъэщагъыу щытынур.

Кавказ Ищхъэрэр къэралым щынэхъыфIщ пэхуэщIэ ехьэжьахэмкIэ. Псалъэм къыдэкIуэу, КИФЩI-м щагъэзащIэ апхуэдэ пэхуэщIэу 38-рэ абыхэм пыщIа пэхуэщIэ «цIыкIуу» 100-рэ. Ахэр ику иту процент 97-кIэ ягъэзащIэ. Нэгъабэ а пэхуэщIэхэм къыхашащ инвестицэ ахъшэу сом мелард 88-рэ, лэжьапIэ IэнатIэщIэу мини 6,7-рэ къызэIуахащ.

Кавказ.РФ-м и нэIэ щIэтщ экономикэ щIыпIэ хэха жыхуаIэм хиубыдэ, туризмэмрэ а IэнатIэм пыщIауэ лажьэ IуэхущIапIэхэмрэ я процент 60-р. Илъэс блэкIам абы къыхагъэхьащ IуэхущIапIэщIэу 28-рэ икIи инвестицэ ахъшэу псоми зэхэту сом мелард 60 къыхалъхьэнущ. Абы и нэхъыбэр Каспий лъэныкъуэмкIэ ягъэкIуэнущ, лэжьыгъэхэми мы гъэм яужь ихьэнущ. Туризм IэнатIэм лэжьэн щыщIэзыдза IуэхущIапIэхэм ящыщу тIум ухуэныгъэхэр иджыпсту ирагъэкIуэкI. ВагъуиплI зиIэ хьэщIэщитI «Iуащхьэмахуэ» курортым щаIэт, «Мамисон» курортым экологием хуэгъэпса къуажэ цIыкIу щаухуэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ПсэупIэ тыншым куэд елъытащ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэ Iуэхухэр зегъэкIуэнымкIэ и центрым (ЦУР) иджыблагъэ щыхьэщIащ икIи абы и лэжьакIуэм и упщIэхэм жэуапхэр яритыжащ республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымкIэ и фондым и унафэщI Кулиев Мустафир.**

ПСОМ япэу ар тепсэлъыхьащ 2025 гъэм къапэщылъ лэжьыгъэхэм икIи къыхигъэщащ абыхэм ехьэлIа дэфтэрхэр 2024 гъэм и кIэхэм зэрагъэхьэзырар, экспертхэм иджыпсту ахэр къызэрапщытэр. Тхьэмахуэ хуэдиз дэкIмэ, щхьэж и зэфIэкIыр зыхуэдэр зэпалъытынурэ, лэжьыгъэхэм пэрагъэхьэну IуэхущIапIэхэр абы къыщыхахынущ. Езы зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр гъатхэпэм и 1-м ирагъэжьэнущ.

Мы гъэм фондым къыпэщылъщ республикэм фэтэр куэду зэхэт и унэу 75-рэ къызыхуэтыншэу зыхуей хуигъэзэну. Ауэ абыхэм яхэткъым Налшык къалэр - мыбы щхьэхуэу щызэрагъэпэщыжынущ унэ 30-м щIигъу.

Тарифхэм я гугъу щищIым, Кулиев Мустафир жиIащ зы метр зэбгъузэнатIэм хуэзэу щIат ахъшэм зы сом зэрыхагъэхъуар икIи сомибгъу ар зэрыхъуар. ЗэхъуэкIыныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм къаIэрыхьэ квитанцхэм: ят ахъшэм псори зэхэту сом 30 - 60 хагъэхъуащ.

ПсэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмпэкIуэ ахъшэр зымыту щIыхуэ зэтрезыгъэхьахэм я гугъу щищIым, хьэщIэм къыхигъэщащ абыхэм худэчых гуэрхэр зэрыхуащIынур. Фондым къекIуалIэрэ, лъэIу ятхыу щытмэ, щIыхуэр Iыхьэ-Iыхьэ иращIыкIынурэ, унагъуэм къытемыхьэлъэу, мазэ къэс хуэмхуэмурэ зэрызытрагъэкIыжыфыным хуэдэу, трагуэшэнущ. ЦIыху къэс щхьэхуэу ябгъэдыхьэнущ, я зэфIэкIымрэ щIыхуэу зэтрагъэхьам я куэдагъымрэ тещIыхьауэ. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр мазэ 12 пIалъэкIэ иращIылIэнущ.

Мыдрейуэ, фондым и унафэщIым бжыгъэ лъабжьэ зиIэ квитанцхэм ятеухуауэ жиIащ, цIыхухэм лъэIукIэ зыкъыхуагъазэмэ, тхылъымпIэ Iуэху хэмыту, квитанцхэр абыхэм я электрон пощтхэм зэрыхуагъэхьынур икIи къыхуащIэ псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмпэкIуэ пщIэр я унэ къыщIэмыкIыу абыкIэ зэратыфынур. ИужькIи тхылъымпIэ квитанцхэр абыхэм хуагъэхьыжынукъым. Ауэ, абы щыгъуэми, тхылъымпIэми электроннэ квитанцми зэхуэдэ къару яIэнущ.

Кулиев Мустафир «эфир занщIэм» щыжиIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэр и чэзум зэгъэпэщыжа хъунымкIэ, ахэр зи нэIэ щIэт, я Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэ компаниехэм куэд зэрелъытар. Абы щхьэкIэ, унэхэм я щытыкIэхэм (ахэр зрагъэлъэгъуа, зэлэжьыпхъэхэр ягъэбелджыла нэужь) теухуа хъыбар фондым хуегъэхьыпхъэщ, псэупIэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ щыIэ щIыналъэ программэм адэкIэ хагъэхьэн папщIэ. Апхуэдэуи управляющэ компаниехэм я нэIэ щIэт унэхэм щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым кIэлъыплъын икIи ахэр зэрагъэзэщIамкIэ арэзымэ е ныкъусаныгъэхэр хилъэгъуамэ, а псори дэфтэрым къыщигъэлъэгъуэн хуейщ.

ЗэIущIэм и кIэм фондым и унафэщIым къыхуриджащ управляющэ компаниехэмрэ унэхэм щыпсэухэмрэ жыджэру зэдэлэжьэну, псэупIэри ирагъэфIэкIуэну.

**ТАМ Зауэр.**

# Адэкъи зрагъэуэж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленность псынщIэм и IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту 2024 гъэм продукцэу къалэжьащ сом меларди 7-м щIигъу и уасэ - 2023 гъэм нэхърэ хуэди 2,3-кIэ нэхъыбэщ ар.**

РЕСПУБЛИКЭМ и промышленность псынщIэр илъэс блэкIам нэхъыбэу зэлэжьар щэкIхэрщ, цыхэкIхэрщ, вакъэ щIынырщ. Абыхэм къыщIагъэкI продукцэр лIэужьыгъуэ 30-м щIегъу икIи ди щIыналъэм и мызакъуэу нэгъуэщI щIыпIэхэми щIэупщIэхэр щаIэщ.

КъБР-м и промышленность псынщIэм адэкIи зрагъэуэжьын папщIэ, IуэхущIапIэхэр зэрылажьэ техникэхэмрэ обрудованэхэмрэ иджырейхэмкIэ зэрахъуэкIыну, язынык ъуэ IэнатIэхэр зэхагъэхьэну мурадхэр щыIэщ, нэгъуэщI щIыналъэхэм щащI продукцэхэм ахэр ефIэкIын, дунейпсо утыкуми къыщалъытэн щхьэкIэ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Едыдж.**

# Сом мелуан 14,8-м щIигъу

**Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм, Финанс мониторингымкIэ КИФЩI-м щыIэ федеральнэ къулыкъум и щIыналъэ управленэм я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ коммерческэ IуэхущIапIэм и унафэщIым зэрихьэ хабзэншагъэр.**

ХЬЭРЫЧЭТЫЩIЭМ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм дэфтэр нэпцIхэр щIилъхьащ лэжьыгъэм тригъэкIуэдам щыщ Iыхьэр кърatыжын папщIэ. Абы кърикIуащ сом мелуан 14,8-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

# ХьэрычэтыщIэхэм яIуощIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай, КъБР-м ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ АфэщIыж Юрэ щIыгъуу хьэрычэтыщIэхэм яхуэзащ.**

АБЫХЭМ зыкъыхуагъэзащ цIыхуи 6-м. КъахуэкIуахэм я упщIэхэр ехьэлIат щIы Iыхьэхэр ятынымрэ я IуэхущIапIэхэр инженер сетхэм пыщIэнымрэ теухуа хабзэм, властым и щIыналъэ органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я къулыкъущIэхэр хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэм зэребакъуэм, апхуэдэуи республикэм и хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм зэфIаххэр хабзэм къызэритIасэм.

Республикэм и прокурорым къекIуэлIахэм я хуитыныгъэхэр ягуригъэIуащ. Прокуратурэм зэрызыкъыхуагъэзахэр къапщытэну я лэжьакIуэхэм къалэн ящищIащ, абыхэм хэплъэныр езым и нэIэ щIэтынущ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

● Махуэгъэпс

# Къэрал ухуэкIэ здэщымыIэ

**Антарктидэ щIыгу иныщхуэу километри 3 нэблагъэ зи Iувагъ мылкIэ щIэгъэнар зэрыщыIэм япэ дыдэу гу лъызытар кхъухь зекIуэлI пашэхэу Беллинсгаузен Фаддейрэ Лазарев Михаилрэщ. Ар къыщыхъуар 1820 гъэм щIышылэм и 28-рщ. Абдежым къыщегъэжьауэ а континентыр зыхуэдэр зэхэгъэкIыным еджагъэшхуэхэр яужь итщ.**

АТIЭМИ, ди планетэм иужьрей лъэхъэнэхэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ нэхъ ин дыдэу дызыхуэмейхэм ящыщщ Антарктидэр щIэзыгъэна мылхэр щIэгъэхуэбжьауэ зэрыщIэткIуkIыр.

А къэхъукъащIэм къыдэгъуэгурыкIуэ Iуэхугъуэхэм хабжэ лъэхъэнэ жыжьэу жыжьащэхэм зи гугъу тщIы континентым щыпсэуа псэущхьэ телъыджэхэм къащIэна къупщхьэлъапщхьэри ди нобэм къызэрыIэгъуэр.

Ауэ щыхъукIи, къэхутакIуэхэр зи лъэужь иплъа динозаврхэм, щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, я нэхъ мащIэрауэ, илъэс мелуан 70 я ныбжьщ.

Зи гугъу тщIы континентым лъэхъэнэ жыжьэ дыдэхэм щыпсэуа псэущхьэхэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, куэдкIэ нэхъ инт дызэрыт зэманым абдежым дыдыщрихьэлIэ пингвинхэм нэхърэ, метр 20-м нэблагъэ я кIыхьагърэ метри 8-м нэсыр я лъагагъыу.

КъэхутакIуэхэр зэрегупсысымкIэ, Антарктидэм зи лъэужь къыщагъуэта псэущхьэ абрагъуэхэр титанозавр жыхуаIэу ЩIы Хъурейм и адрей хэгъэгухэр къызэхэзыкIухьахэм хуэдэт. Зэрыабрагъуэр къэтлъытэмэ, ахэр, телъыджэр аращи, лы зыIузымыгъахуэ удзышхт.

Геологхэм зэрагъэувымкIэ, зэман жыжьэ дыдэу тхыдэм щыщ хъужахэм Антарктидэр адрей континентхэм щIы кIапэ хэукъуэдиикIахэмкIэ япыщIат. АбыхэмкIэщ мыл лъабжьэм къахэпсыкIыжа псэущхьэ абрагъуэхэр зэрыщызекIуэу щытари.

Ауэ щыхъукIи, титанозаврхэм я лъэужь къызэрыщагъуэтыжар и щыхьэтщ нэхъ пасэхэм Антарктидэр хуабалъэрэ мэзылъэу къызэрекIуэкIами псэущхьэхэм ящыщу нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэми я лъахэу зэрыщытами.

ЩIэныгъэлIхэр мы зэманми яужь итщ континент жыжьэм и щхьэфэм апхуэдиз мыл щIытрищIам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкIыну. ЯзыныкъуэхэмкъызэралъытэмкIэ, а Iуэхум егупсысахэм гу зылъамыта гуэрхэр ди нобэми зэрыщыIэр шэч къызытумыхьэнщ.

Антарктидэ щIыналъэ абрагъуэр, зэрытщIэщи, ди планетэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ, и нэзыр «Атлантикэ», «Индием ей», «Хы хуэм» жыхуаIэ хышхуэхэм ялъоIэс. Езы континентым, псори зэхэту, километр зэбгъузэнатIэ мелуан 14,4-рэ еубыд.

Дунейм и щытыкIэр къызэрымыкIуэу щымэхъашэщ, щIыналъэшхуэм икухэм щIыIэр гъэмахуэм - градус 30-м щыноблагъэ, щIымахуэм - бгыщхьэ щыгухэм деж градус 90-м щынос.

Хыпсым елъытауэ и щIыналъэм и лъагагъыр, ику иту, метр 2000-м щыщIегъу, метр 4000 зи лъагагъ Iуащхьэхэми ущрохьэлIэ. Иужьрейхэр, Трансарктическэ бгыхэр, зэрызэхэт шытх екIуэкIым Антарктидэр IыхьитI ирещIыкI.

Антарктидэм и язынык ъуэ щIыпIэхэм деж къыщепщэ жьым зы сыхьэтым кърикубыдэу километр 320-рэ къызэренэкI, хуабжьагъэ ин дыдэ зэрыщызэрихьэм и нэщэнэу.

Континентым «Мак-Мердо» зи фIэщыгъэ и тIуащIэ зэпыдзам (мыл здэщымыIэ и щIыпIэм) иужьрей илъэс мелуанитIым къриубыдэу, щIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, уэшхи уэси къыщехакъым.

ЩIы Хъурейм и континентхэм ящыщу Антарктидэм и закъуэщ къэрал ухуэкIуэ здэщымыIэри зэпымыууэ щыпсэу цIыху зэрымысри.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## ДэIэпыкъуныгъэхэм хохъуэ

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил премьер-министрхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIащ мазаем и 1-м щегъэжьауэ цIыхухэм ират социальнэ ахъшэ лIэужьыгъуэу 40-м щIигъум зэрыхагъэхъуэнур.**

«САБИЙ зиIэ унагъуэхэм ират дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъыбэ хъунущ. Къапщтэмэ, анэ мылъкум процентти 7,42-кIэ хэхъуэнущ. КъищынэмыщIауэ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм зэракIэлъыплъым папщIэ мазэ къэс ят ахъшэм иджы илъэс къэс уасэхэм зэрызахъуэжам тещIыхьауэ дэщIыгъужыныгъэхэр хуащIынущ. Нэхъапэм апхуэдэ ахъшэр зэрагъэувам тету, зыкIи зэхъуэкIыныгъэ имыгъуэту щытащ», - жиIащ Мишустин Михаил.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, жылагъуэм я деж щаIэ а къалэнхэр зэрагъэзэщIэну Iэмал псори яIэщ, абыхэм хуаутIыпщыну мылъкур къэрал бюджетми Социальнэ фондми къыщыгъэлъэгъуащ. «Нэхъыщхьэр дэтхэнэ щIыналъэми щыпсэу цIыхухэм ирикъуу икIи и чэзум я ахъшэр яIэрыхьэнырщ», - жиIащ абы.

## Мыарэзыи щыIэщ

**Евросоюзым Урысейм кърищIылIа санкцэхэм адэкIи къыпыщэныр Венгрием димыIыгъынкIэ хъунущ. Урысейм къызэрыпэщIэт текъузэныгъэхэм къыпащэным теухуа Iуэхум ЕС-м хыхьэ хэкухэм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ я министрхэм я зэIущIэм мы махуэхэм щытепсэлъыхьынущ.**

«IУЭХУР Венгрием къызэпиудынкIэ шынагъуэ щыIэщ, Будапешт, дызэрыгугъэмкIэ, икIуэтынущ», - къехь «Politico» къыдэкIыгъуэм европей дипломатхэм я псалъэхэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, апхуэдэ унафэр Венгрием къищтэнкIэ щIэхъунур лъэпкъ экономикэм и шынагъуэншагъэм зэригъэпIейтейрщ.

НэхъапэкIэ Венгрием и премьер-министр Орбан Виктор жиIауэ щытащ Урысейм иращIылIа санкцэхэр я къэралым и зыужьыныгъэм зэран зэрыхуэхъур, еврэ мелард 18-м щIигъу хэщIыныгъэ я экономикэм зэригъуэтар. Абы ипкъ иткIэ, Будапешт Евросоюзыр къыхуреджэ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм адэкIэ къиишэнкIэ хъуным зэпэшэчауэ хэплъэну.

ЩIышылэм и 28, гъубж

**♦ЦIыхум теухуа щэхур хэIущIыIу мыщIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1928 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Шэру Соня**.

♦**1962 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Ингуш, Шэшэн, Осетие Ипщэ республикэхэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Атэбий Игорь**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 7, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 29, *бэрэжьей*

**♦Ядернэ зауэр мыдэным цIыхухэр хуэзэщIэгъэуIуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1833 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург къалэм пощт IуэхущIапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Мейкъуапэ, Тихорецк къалэхэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**2001 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим дунейм ехыжащ.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ критик, АКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Чэмокъуэ Тыркубий**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэулэдин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 8, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Чэнджэщыфlыр шы уанэ зэтелъ и уасэщ.**

# Ислъамым и нур

*ПІланэпэр зыгъэхьэзырар* **ЧЭРИМ Марианнэщ**

## ТэмакъкІыхьымрэ бэшэчымрэ

**Хьэрыпыбзэм къиІэпхъукІа «сабр» псалъэр адыгэбзэми хьарзынэу хэзэгъащ. «Сабыр и щІагъ дыщэ щІэлъщ», - жеІэ псалъэжьым. Абы тэмакъкІыхьагъ е бэшэчагъ фІэщ, тІум щыгъуэми узыхуиущийр уи хъуэпсапІэр зэуэ къызэрыпІэрымыхьэм е уигу иримыхь гуэр къызэрыпщыщІам уримыгужьеинырщ, сыту жыпІэмэ, гъащІэр езыр и хабзэ пэжым тетыжу макІуэ. Иджыпсту узыгъэщтар, гува-щІэхами, уи дежкІэ нэхъыфІым хуэкІуэнущ. «Алыхьым жыхуиІа хъунщ», - псалъэхэр щІэх-щІэхыурэ щІызэІэпытхри арагъэнщ. Тырку щІэныгъэлІ Уэсмэн Нурий тэмакъкІыхьагъым дызэрыхуиущий тхыгъэри зытеухуар аращ.**

«САБР» псалъэм и мыхьэнэ дыдэр бэшэчагъщ, щыщІэныгъэм, бэлыхьым, гугъуехьым узэрыпэщІэт хьэлырщ. ФІэщхъуныгъэ зыхэлъ цІыхум и гупсысэкІэм утету уеплъмэ, ар къыпщыщІыну узыхуэмейр уи псэм къызэрытехьэлъэм хуэдэу, Алыхьталэм къыпхуиухуа унафэм арэзы утехъуэнырщ. Сабырагъым муслъымэным и хьэл-щэныр нэгъэса ещІ, ар Іиманым и псэщ, дуней насыпми ахърэт ехъулІэныгъэми и ІункІыбзэщ. Алыхьталэм и тыгъэ псори нэгъэсауэ Жэнэтым щызыгъуэтынури тэмакъкІыхьырщ.

А хьэлыр зыхэзылъхьэфынур адрейхэм и жагъуэ къызэращІыр зигу техуэрщ, псэ зыІутым худэзычыхьыфырщ, напэ зиІэрщ, гущІэгъу зыхэлъырщ, езым хуэдэ цІыхум и щыуагъэхэр къыхуэзыгъэгъуфырщ. Бегъымбару дунейм тетахэри цІыхушхуэ хъуа щІэныгъэлІхэри а увыпІэм нэзыгъэсар сабыру зэрыщытарщ.

Алыхьталэм КъурІэн лъапІэм 70-рэ и цІэ къыщреІуэ сабырагъым, ислъам диным и Іумэтым щыщхэм а хьэлыр зыхагъэлъыну къыхуриджэу.

Псалъэм папщІэ, «Іэн-Нэхьл» сурэм и 127-нэ Іэятым мыпхуэдэ псалъэхэр къыщокІуэ Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламырэ зэхам хуэгъэзауэ: «Зыхуэгъэшэч-тІэ, сыту жыпІэмэ, уэ уи бэшэчагъыр къызыбгъэдэкІыр Алыхьырщ, джаурхэми абыхэм къыпкІэлъызэрахьэ бзаджагъэхэми уримынэщхъей». «ІэтІ-ТІур» сурэм и 52-нэ Іэятми къыщокІуэ: «Зыхуэгъэшэч, уи Тхьэм и унафэр къехыху, уэ, шэч хэмылъу, ди нэІэм ущІэтщ. Пщэдджыжьым укъыщытэджкІи, Алыхьым щытхъур хуэІэт».

Нухь бегъымбару Алыхьым и нэфІыр зыщыхуам илъэс 950-кІэ удын къытехуэхэри, и цІэр зэрагъэулъийри, и лъэпкъэгъухэр къызэрыщыдыхьэшхри игу тригъэхуащ. Муса лъапІэми и лъэпкъэгъухэм кърашІахэр ишэчащ. Езым абыхэм зэрызахуигъэза псалъэхэм феплъыт: «Алыхьым фелъэІу, тэмакъкІыхьу фыщыт. ЩІылъэр зейр Аращи, ар Езым къыхиха и пщылІхэм къахуигъэнэнущ» (7:128). Іэюб лъапІэм хуэгъэзауэ Алыхьталэм жеІэ: «ИпэжыпІэкІэ, дэ ар тэмакъкІыхьу къытхущІэкІащ. Сыту пщылІ телъыджэ!». И къуэр тэмакъкІыхьагъым къыхуриджэрт Лэкъумэн Іущми.

ЦІыхум хэлъыпхъэ щэныфІагъым я нэхъ дахэр хэлъащ Алыхьым и щэлатымрэ сэламымрэ зэха Мухьэмэд Бегъымбар лъапІэм. Абы и гъащІэри и ІуэхущІафэхэри зэрыщыту муслъымэным дежкІэ щапхъэщ. Узыдэплъеину зыхуэфащэхэм язщ абы ТІаиф къалэм щыпсэухэр мывэхэр кърауІыпщу къыщежам щыгъуэ къигъэлъэгъуа бэшэчагъыр. Зэман дэкІа нэужь, ахэри ислъам диным къиихьащ.

Мы дунейм дихьэх цІыхум дежкІэ гугъущ сабыру ущытыну. Ауэ апхуэдэ хьэл зыхэзылъхьэфахэр Къемэт Махуэм адрейхэм нэру къахэлыдыкІынущ. Сыт хуэдизу и псэ жьгъейр къемыныкъуэкъуми, цІыхум абы къызыхуриджэ хьэл мыхъумыщІэхэм защихъумэфын хуейщ, псом хуэмыдэу Алыхьталэм хьэрэму игъэувахэм.

Хэти гугъуехьым щыпхыкІ лъэхъэнэ къыхохуэ, псалъэм папщІэ, езыр е Іыхьлыхэр бэлыхь щыхэхуэм деж. КІуапІэ имыІэххэу къыщохъу гузэвэгъуэ къызытепсыхам. Ауэ хэкІыпІэ щыІэщ - ар псори Алыхьталэм и унафэкІэ къызэрыхъур уи гум ибгъэлъынырщ, Абы укъызэрихъумэнум шэч къытумыхьэу, сабыру ущытынырщ. Апхуэдэ тэмакъкІыхьагъым псапэ къыпэмыкІуэнкІэ Іэмал закъуи иІэкъым.

Зэгуэрым щэхьабэхэм яз Іэуф и къуэ Абдурэхьман и къуэм шхын хэплъыхьахэр зытет Іэнэ зэриузэдам гу лъитащ. И нэкІур зэхиуфэри, адэм къуэм жриІащ: «Умэйр и къуэ Мусэб щыхэкІуэдам щыгъуэ, и хьэдэр зыкІуэцІытшыхьын щэкІ тхурикъуакъым. И щхьэр щІэтхъумэмэ, и лъакъуэхэр къыщІэщу къанэрт. Арати, щэхьабэхэм мэ дахэ къызыпих удз кърачри, и лъакъуэхэр абыкІэ щІахъумащ. Хьэмзэ лъапІэр щыхэкІуэдам щыгъуэ, джэбын хуэхъуар фызыжь гуэрым и бостеижьщ. Алыхьым сыщошынэ мы дунейм къыщызита тхъэгъуэмкІэ си ахърэт гъуэмылэр игъэмэщІэнкІэ. Абы сызэрыхуэнэпсеймкІэ си ахърэт тыгъэм хэзмыгъэщІу пІэрэ? Дауэ пщэдей Алыхьталэм и пащхьэм сихьэу къысхуищІам щхьэкІэ фІыщІэ зэрыхуэсщІыжынур?». Ахэр жиІэри, зи нэпсхэр къыщІэува щэхьабэ лъапІэр Іэнэм пэрыкІыжащ.

Малик и къуэ Іэнэс къиІуэтэжа хьэдисми девгъэдаІуэт: «Алыхьталэр цІыхум фІы къыхуищІэну, Езым и ныбжьэгъу ищІыну щыхуейм деж, ар бэлыхьым хедзэ. Апхуэдиз къызэрыщыщІам хуэдэу, апхуэдэ цІыхур Алыхьым елъэІуу къанэмэ, мелыІычхэм жаІэ: «Алыхь лъапІэ! Дэ тцІыхуу макъ гуэр зэхыдох». ЕтІуанэу «Алыхьу си Тхьэ» зэрыжиІэу, Алыхьталэм жеІэ: «СынодаІуэ, Си пщылІ, уэ узыхуей псори Уэстащ, фІы къызыпэмыкІуэну псори Пщхьэщысхащ, нэхъ лъапІэ дыдэу щыІэ тІысыпІэри Пхуэзгъэхьэзыращ». Хьэдис лъапІэхэм язми ди Тхьэм щыжеІэ: «Уа Іэдэм и бын! Сэ гугъу зэрезгъэхьымрэ бэлыхь зэрыхэздзамрэ щхьэкІэ къысхуэмыарэзым, фІыгъуэ лъызгъэсам папщІэ фІыщІэ къысхуищІу, еста ерыскъыр зэзымыгъэзахуэм нэхъеижыр къыпоплъэ». НэгъуэщІ хьэдис лъапІэми къыщокІуэ: «Сэ теслъхьа хьэзабым бэшэчу хущытыр Сэ къысхуэарэзыуэ аращ». КъурІэнми щыжеІэ: «Уа фІэщхъуныгъэ зыхэлъхэ! Гугъуехьхэр фшэч, бийм фыпимыкІуэт, Алыхьым фыщышынэ! Хэт ищІэрэ, ехъулІахэм ящыщ фыхъункІи хъунщ» (3:200).

## Сэлмэн теухуа хъыбархэр

**Щэхьабэ лъапІэ Фарисий Сэлмэн и цІэ зэхэзымыха куэд щыІэ къыщІэкІынкъым, ислъам диным зыгуэр хищІыкІыххэмэ. Бегъымбар лъапІэр къызэрыунэхунур езыр муслъымэн хъун ипэкІэ зыхэта чыристанхэм къыжраІауэ ищІэрт Сэлмэн. Ар дунейм къыщытехьар ИсфаханкІэ зэджэ иран (перс) къалэрщ. ЛІы махуэм дуней тетыкІэу иІар гъэщІэгъуэным къыщымынэу, щапхъэщ, хъуэпсэгъуэщ, муслъымэныгъэм ІэфІ къыщІэзылъхьэ нэплъэжыгъуэщ.**

ЦІЫХУ мин 30-м щІигъу зыдэс Мадаин къалэм и нэхъыщхьэу ягъэкІуа нэужь, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Сэлмэн улахуэу динар мини 5 къратырти, абы щыщу зы сом зрихьэлІэртэкъым. Щыгъыну зэрихьэмрэ и пІэм ирипхъуэмрэ а зы теубгъуэныжьырт къалэтету лажьэм. Жьауэ къезытын унэ иІэтэкъыми, жьауэр здэкІуэмкІэ кІуатэу апхуэдэт. ПыІэ ищІырти, абы къыщІихрат и щхьэм тригъэкІуадэр. Ахъшэ зэуІу къыІэрыхьа нэужь, бэзэрым кІуэрти, лырэ бдзэжьейрэ къищэхурт, фаджэ (проказа) къызэузхэм къеджэрти, абыхэм я гъусэу шхэрт.

«Зы дирхьэмым къыщІэкІ пальмэ пхъафэ къызощэху. ПыІэ сощІри, дирхьэмищкІэ сощэж. Зы дирхьэмыр сэ къызогъэнэж, етІуанэр сабийхэм ятызогъэкІуадэ, ещанэр сэдэкъэуэ сот», - жиІэрт Сэлмэн.

Зэгуэрым Тхьэр арэзы зыхуэхъун хьалиф Умар хьутІбэ къеджэу лъагапІэм тетт. «ФыкъэдаІуэ!» - захуигъэзащ Умар цІыхухэм. «Алыхьым и цІэкІэ соІуэ, уэ жыпІэр дэ зэхэдмыхыну!» - къэпсэлъащ Сэлмэн. «Сыт щхьэкІэ?» «Адрейхэм захыбоІэтыкІри!». «СыткІэ?» «Уэ щыгъынитІ пщыгъщ, мыбдежым щытхэм ящыгъыр зырызщ». «Ей, Умар и къуэ Абдулыхь (зэджэр и къуэрат)!» - жиІащ Умар мыпІащІэу. Зыми жэуап къритакъым. Хьалифыр аргуэру джащ: «Абдулыхь!» «Уи пащхьэм ситщ», - къэІуащ щІалэм и жэуапыр. «Алыхьым фІыгъуэр къыпхуищІэ. Мы етІуанэ щыгъыныр уэ узэрейр пщІэрэ?» «Уэлэхьи, сощІэм», - жиІащ щІалэм. Абдежым Сэлмэн къэпсалъэри жиІащ: «Иджы жыпІэр зэхыдох, уи унафэми додаІуэ!»

Зэгуэрым Сэлмэн деж и щхьэгъусэм и благъэ лІы къэкІуащ. Мыдрейм тхьэв ипщырт. «Сыт пщІэр?» - щІэупщІащ благъэр. «Іэпыдзлъэпыдзыр си Іуэху езгъэщІэну згъэкІуати, ІуэхуитІри и пщэ схудэлъхьэнутэкъым», - яритащ Сэлмэн жэуап.

### И жыІэгъуэ цІэрыІуэхэм щыщ:

- ЩІэныгъэр абрагъуэщ, аращи, уи Іиманыр иризыгъэкъун тІэкІу къыхэхи, адрейр къэгъанэ.
- ПхузэфІэкІмэ, бэзэрым япэу техьэхэм ящыщ умыхъу, иужьрейуэ къытекІыжххэми уахэмыт. Бэзэрыр шейтІаным и Іыхьэр къыщигъуэтыж щІыпІэщ. Муслъымэным зыбгъэдихужа шейтІан абы щыслъэгъуащ.
- Муслъымэнур мы дунейм дохутыр зыщхьэщыт сымаджэм ещхьу щопсэу. Дохутырым фІыуэ ещІэ абы сыт къеузми, сыт емызэгъынуми, аращи, зыгуэрхэр зрихьэлІэну къыхуидэркъым. Сымаджэм и узыншагъэм зэран хуэхъун гуэрым и Іэр зэрыхуишийуэ, дохутырым жеІэ: «Абы убгъэдэмыхьэ. Гъунэгу зэрызыхуэпщІу, утекІуэдэнущ». Апхуэдэу дохутырым и жьэр имыгъэувыІэу сымаджэм зыгуэрхэр пеубыд, игъэхъужыху. Муслъымэнри а сымаджэм ещхьу куэдым щІохъуэпс. Алыхь Лъагэм ар мы дунейм тришыжу и Жэнэтым щІишэху ехъумэ, зыгуэрхэр къыхуимыдэу.
- Алыхьым уигукІэ уепцІыжамэ, уигукІэ жыІэщІэ хуэхъуж. НаІуэу гуэныхь къэпхьамэ, наІуэу Алыхьым екІуэлІэж, уи щІегъуэжыкІэм гуэныхьыр игъэкІуэдыжын хуэдэу.
- ЦІыху лІэужьыгъуиэщым си дыхьэшхын къагъакІуэу сыкъагъэуІэбжь: и лІэгъуэр къэсауэ, мы дунейм иджыри сытетарэт жызыІэм, и акъылыншагъымкІэ цІэрыІуэм, Алыхьыр къыхуэарэзырэ къыхуэгубжьарэ зымыщІэ джэгурейм. Си гъын къэзыгъакІуэ Іуэхугъуищым сагъэнэщхъей: ЛІыкІуэ лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам дызэрибгынам, дыгъэр къухьэпІэмкІэ къызэрыкъуэкІынум сызэрыщышынэм, Къемэт Махуэм Алыхьталэм Жэнэтым сигъэкІуэнуми, Жыхьэнмэм сигъэкІуэнуми сымыщІэу, и пащхьэм сызэритынум.

### Зылъэгъуахэм жаІэжащ

Іэмр и къуэ Атый жиІэжу зэхахащ: «Си нэкІэ слъэгъуащ Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Сэлмэн шхын ишхыр зэрыІуигъэкІуэтар. «Срикъуащ, срикъуащ», - жиІащ абы. Сэ Алыхьым и ЛІыкІуэ лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиІэу зэхэсхащ: «Мы дунейм шхыным щыхуэнэпсейр адрей дунейм нэхъ щымэжэлІэнухэм ящыщщ. Ей, Сэлмэн! Алыхьыр зи фІэщ хъуам дежкІэ мы дунейр лъэхъуэщщ, Жэнэтыр мэмэжалІэ ар зришэлІэжыну».

Зэгуэрым диным къеныкъуэкъухэм Сэлмэн ягъэпудын щІадзат, къызыхэкІар ягъэикІэу, езыхэм зыхаІэтыкІыу. «Сэ-тІэ, уей, лъы пцІам сыкъыхэкІам. ИтІанэ хьэдэ сыхъунурэ щІым сыщІэфыхьыжынущ. ИтІанэ тэрэзэм сытралъхьэнущ. Си хьэлъагъыр ирикъумэ, лъэпкъыфІым сыкъыхэкІауэ аращ. ПсынщІэІуэу сыкъыщІэкІмэ, сыцІыху мыхьэнэншэу, зыри сримыщІысу аращ».

Урысей Федерацэм и ІуэхущІапІэхэм къыщІагъэкІхэмкІэ ягурэ я щхьэрэ зэтелърэ езыхэм я жэрдэмкІэ «Урысейм щащІащ» сертификатхэр къыІахыу щытмэ, апхуэдэхэм Іэмал яІэнущ я продукцэхэр интернет-тыкуэнхэм щащэну, хамэ къэралхэм ахэр щагъэлъэгъуэну, абыхэм я ІуэхущІапІэхэм зыпащІэу ядэлэжьэну.

## Урысейм щащІам и щІэупщІэр

«УРЫСЕЙМ щащІащ» программэм хэт хъунущ икІи сертификатыр къыІахыфынущ ерыскъыхэкІхэр, хьэпшып, н. къ. къыщІэзыгъэкІхэр, ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, абыхэм я продукцэхэм фІагъ лъагэ ямыІэу хъунукъым. Абы щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр апхуэдэ хуитыныгъэ зиІэ, фІагъыр къэзыпщытэ ІуэхущІапІэхэм къыІахын хуейщ.

Продукцэм фІагъ лъагэ иІэу къалъытэ химие пкъыгъуэхэр, ІэрыщІ щІыгъэпшэрхэр, хущхъуэхэр, н.къ. къагъэсэбэпу къыщІамыгъэкІамэ, экологие и лъэныкъуэкІэ къабзэмэ, къэбгъэсэбэпыну шынагъуэ къыбгъэдэмыкІыу щытмэ.

«Урысейм щащІащ» сертификатыр продукцэм иІэ фІагъым щыхьэт техъуэ закъуэкъым, атІэ къэралым и «дамэм» щІэту ар хамэ къэралхэм щыпхрагъэкІынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● ЩІыуэпс

## Дыгъужьхэр губзыгъэщ



**Биологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, КъБКъУ-м и лэжьакІуэ Хьэтыхъу Іэубэчыр иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм къищынэмыщІауэ, щІыуэпсым ехьэлІа хъыбар гъэщІэгъуэнхэри зэхуехьэсыж. Абыхэм ящыщщ фи пащхьэ итлъхьэ мы тхыгъэ гъэщІэгъуэныр. «СыщыцІыкІум щыгъуэ мы хъыбарыр щІэх-щІэхыурэ жаІэжу срихьэлІэрти, сымыужэгъужу сыщІэдэІурт. А щІалэ цІыкІум и пІэ сыкъихутауэ, дыгъужьым езэуар сэрауэ къызыщызгъэхъурт. Зоолог сыхъуауэ, къуэрылъхухэр сиІэжрэ, си ныбжь хэкІуэтауэ ПІытІэ и къуажэгъухэм яІуэтэжу иджыблагъэ зэхэсхат а хъыбарыр иджыри зэ...», - жеІэ Хьэтыхъум.**

ИЛЪЭС 13 - 14-м ит ПІытІэ и шыпхъу цІыкІур щІыгъуу щІымахуэ уаем Мэлгъэбэг къикІыжырт. Къаншууей щыщт ахэр. ДжэдыкІэ тІощІ ящарэ, къыщІаха сом тІэкІум щыгуфІыкІыу, пІащІэу унэм кІуэжырт зэдэлъхузэшыпхъур. Зауэ нэужь лъэхъэнэт, зэманыр гугъут, езыхэри хуэныкъуэт а джэдыкІэм, ауэ гуныкъуэгъуэ гуэрым ирихулІэри, сабиитІыр гъуэгуанэ кІыхь трамыгъэувэу хъуакъым нэхъыжьхэм. Ари сыт хуэдэ гъуэгуанэт! Тэрч тхыцІэ жыхуаІэу, дыгъужьыкъуэм дэкІын хуейт, бэзэрым укІуэн-укъикІыжын щхьэкІэ. ЖыпІэнуракъэ, зэи зэрамылъэгъуауэ, а щІыпІэм дыгъужьыр куэд къыщызэрыгъэхъуати, уз зэрыцІалэу зызубгъуам хуэдэт.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, а щІыпІэхэм автобус щызекІуэртэкъыми, сабийхэр лъэст. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хъуат, цІыкІухэр емыпІэщІэкІмэ кІыфІ къатехъуэнурэ, гъуэщэнут. ПІытІэ и шыпхъу цІыкІур Іэжьэм иригъэтІысхьэри, щІигъэхуэбжьащ. Іэгъуэблагъэр уэсым щІигъэнати, псэ Іуту зы цІыхуи щыплъагъуртэкъым. Абы нэхъри уигъэгузавэрт.

Арыххэу пабжьэм зы щхъуэжь къыхэлъэтри, хъыджэбз цІыкІум зридзащ. ПІытІэ абы зрипщытащ, си шыпхъур ешх жиІэри... Дэнэ кърихамэ, дауэ къыІэрыхьами хэт ищІэрэ, ауэ ПІытІэ мэл къупщхьэшхуэ дыгъужьым и къурмакъейм ирихухри, итхьэлащ. Щхъуэжьым и псэр хэкІыху зиукІыжурэ къедзэкъа хъунти, ПІытІэ и Іэр зэрыщыту дзакъапІэт, и джэдыгур зэхэчэтхъат. Арами, лІы хьэл зыгъэлъэгъуа ныбжьыщІэм и шыпхъу цІыкІур къыІэщІихат хьэщхьэрыІуэм.

АтІэ, щІалэр балигъыпІэ иувэщ, унагъуэ зригъэпэщри, быниплІи игъуэтыжат. Зэрыхабзэщи, я адэм и хъыбар зыщІэхэр а цІыкІухэм дыгъужь шыркІэ еджэурэ, ахэри балигъыпІэ иувэжащ, мы тхыгъэр къапэщІэхуэмэ, ипэжыпІэ дыдэри къаІуэтэжынкІэ мэхъу.

Щхъуэжьхэр нэхъыбэм зэбгъэрыкІуэр сабийхэмрэ бзылъхугъэхэмрэщ. ЦІыхубзыр лІы щыгъынкІэ хуэпами, щыуэркъым ахэр! Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм къэхъуауэ щыта мы Іуэхугъуэри абы щыхьэт тохъуэ. А зэманым бзылъхугъэхэм цІыхубз бостейкІэ фІэкІа замыхуапэми, Тэрч тхыцІэмкІэ тетурэ ХьэмидейкІэ иунэтІат цІыхухъу щыгъынкІэ хуэпа фыз гуэрым. КъызэрыгуэкІ цІыхухъу фащэ мыхъуу, джэдыгу щыгъыжт, и бгым къамэ зэщІэлъа ищІауэ. Арами, дыгъужьым мэкІэ къищІэщ ар зэрыбзылъхугъэри, ебгъэрыкІуат. Ауэ абы лІыхъугу кІуэцІылъу къыщІэкІри, щхъуэжьыр хигъэщІат.

Абы лъандэрэ куэдым зихъуэжащ, ауэ дыгъужьыр аргуэру зэрыбэгъуам къыхэкІыу, цІыхухэм ебгъэрыкІуэн щІадзэжынкІэ сошынэ. Ауэ иджы, зэрыжаІэмкІэ, цІыхухъухэми зрадз!

Ар лъэхъэнэ жыжьэм - дыгъужьым и ерыскъыпхъэу къигъэщІа бжэнхэмрэ мэз псэущхьэхэмрэ цІыхур ещэкІуэн щыщІидза зэманым - къыщежьа зэгурымыІуэныгъэщ. Абы лъандэрэ дыгъужь губзыгъэм цІыхур фІыуэ иджащ, лъакъуитІым кІэлъыплъурэ куэдми зригъэсащ. «Дыгъужьыр зыгуэркІэ щыуами, ар зэхэзехуэн хъууэ, зэрымыщІэкІэ ІэщІэкІа щыуагъэщ. ЦІыхури апхуэдэщ», - итхащ биолог цІэрыІуэ Павлов М. П.

Сэ а щІымахуэ пщыхьэщхьэ жыжьэм згъэзэжу, щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ къэсІуэтэну сыхуейт дыгъужьыр сабийхэм теуэн хуей щІэхъуам и щхьэусыгъуэр. Кинорежиссер Михалков Никитэ къиІуэтэжу зэхэсха мы хъыбарми гу лъывэзгъэтэнут... ВертолеткІэ щакІуэ кІуат ар, зэщакІуэри щхъуэжьырт. Губгъуэм ираубыда щхъуэжьыр здэкІуари здэжари ямыщІэу бзэхат. Зыкъомрэ а щІыпІэр къалъэтыхьа нэужь, кІэбдз лъакъуитІым тету, телеграф пкъом кІэрыупсеяуэ кІэрыту гу лъатащ. КъызэрыщІэкІымкІэ, цІыхум зригъэщхьмэ гу къылъамытэн къыщыхъуу, зэфІэувауэ арат щхъуэжьыр! XX лІэщІыгъуэм цІыхумрэ щІыуэпсымрэ я зэхущытыкІэм зихъуэжри, мэз псэущхьэхэмрэ дэрэ аргуэру дызрихьэлІэжащ. ЦІыхум къыгурыІуащ щІыуэпсым къудамэ лей къызэрыкъуэмыжыр, дыгъужьыр зэманым нэхъ Іущыж ищІащи, къызэрыддекІуэкІынури зэрыува щытыкІэм зэрыхэпсэукІынури къыгурыІуагъэххэщ. Абы крикІуэну псори хэт ищІэрэ?! - жеІэ щІэныгъэлІым.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## Псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ

**Сабийхэр щыгуфІыкІыну, балигъхэми ящІэну щхьэпэу, «КъурІэн лъапІэм зи цІэ къыщыкІуа псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ» зи фІэщыгъэ тхылъ Тхьэкъуахъуэ Іэуес игъэхьэзыращ.**

ТХЫЛЪ лъапІэм нэгъуэщІ зы еплъыкІэкІэ узэрыбгъэдигъэхьэм нэмыщІ, дэтхэнэ зы псэущхьэри къэкІыгъэри сурэт зэмыфэгъукІэ къыщыгъэлъэгъуащ зи гугъу тщІы, альбом жыпхъэм ит къыдэкІыгъуэм. Зи цІэ криІуэ псоми узыщрихьэлІэ сурэхэм я цІэхэмрэ псэущхьэр е къэкІыгъэр зыхэт Іэятымрэ я лъабжьэм кІэщІэтхащ. Япэ къэсым зи адыгэбзэр имыщІэ «губгъуэджэшым» (чечевица), «ахъуэм» (оливэ), «мацІэм» (саранча) зэреджэри къыдощІэ мы тхылъым и фІыгъэкІэ. Абыхэм ящыщщ: «псыгуІэнэ» (лотос), «гъэшпэж» (люцерна), «жалгъэн» (гребенщик), «ахъо» (инжир), къинэмыщІхэр.

Тхылъым и цІэм щхьэусыгъуэ хуэхъуа КъурІэным деж дгъэзэжмэ, дызытепсэлъыхь альбомым и мыхьэнэр къызэщІиубыдэ къыщІэкІынщ «Жэм» сурэм и 26-нэ Іэятым щыщ псалъэухам: «ИпэжыпІэкІэ, Алыхьталэр теукІытыхьыркъым аргъуейр е абы нэхърэ нэхъ цІыкІуж гуэр щапхъэу къихьыным» (2:26). Абы поджэж «Хьэж» сурэм и 73-нэ Іэятым бадзэм теухуауэ къыщыкІуэр: «Фэ Алыхьыр къэвгъэнауэ фызыхуэпщылІхэм бадзэ къудей къахуэгъэщІынукъым, ар я мураду зэхыхьэу щытми. Бадзэм зыгуэр ятрихыу щытми, къытрахыжыфынукъым» (22:73). Апхуэдэ Іущыгъэ куэд щызэхуэхьэсащ сурэт защІэу зэхэт мы тхылъ цІыкІум. Хэт ищІэрэ, абы зыгуэрым и гур КъурІэным иришэлІэнкІи хъунщ, е адыгэбзэм и ІэфІыр и гум къыщигъэщІэрэщІэжынщ, е и унэм, и пщІантІэм махуэ къэс щилъагъу къэкІыгъэхэри псэущхьэхэри цІыхум хуэдэ дыдэу гущІэгъушхуэм и жьауэм зэрыщІэтым и гум дахагъэ гуэр крилъхьэнщ.

## Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщІэкІыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, щэбэт | 05.52 | 07.22 | 12.30 | 15.03 | 17.20 | 19.00 |
| 2, тхьэмахуэ | 05.50 | 07.20 | 12.30 | 15.04 | 17.22 | 19.02 |
| 3, блыщхьэ | 05.49 | 07.19 | 12.30 | 15.05 | 17.23 | 19.03 |
| 4, гъубж | 05.48 | 07.18 | 12.30 | 15.06 | 17.24 | 19.04 |
| 5, бэрэжьей | 05.47 | 07.17 | 12.30 | 15.07 | 17.25 | 19.05 |
| 6, махуэку | 05.46 | 07.16 | 12.30 | 15.08 | 17.26 | 19.06 |
| 7, мэрем | 05.46 | 07.16 | 12.30 | 15.09 | 17.28 | 19.08 |
| 8, щэбэт | 05.44 | 07.14 | 12.30 | 15.11 | 17.29 | 19.09 |
| 9, тхьэмахуэ | 05.42 | 07.12 | 12.30 | 15.12 | 17.30 | 19.10 |
| 10, блыщхьэ | 05.41 | 07.11 | 12.30 | 15.13 | 17.32 | 19.12 |
| 11, гъубж | 05.40 | 07.10 | 12.30 | 15.14 | 17.34 | 19.14 |
| 12, бэрэжьей | 05.38 | 07.08 | 12.30 | 15.15 | 17.36 | 19.16 |
| 13, махуэку | 05.37 | 07.07 | 12.30 | 15.15 | 17.37 | 19.17 |
| 14, мэрем | 05.36 | 07.06 | 12.30 | 15.17 | 17.38 | 19.18 |
| 15, щэбэт | 05.34 | 07.04 | 12.30 | 15.18 | 17.39 | 19.19 |
| 16, тхьэмахуэ | 05.33 | 07.03 | 12.30 | 15.19 | 17.40 | 19.20 |
| 17, блыщхьэ | 05.31 | 07.01 | 12.30 | 15.20 | 17.42 | 19.22 |
| 18, гъубж | 05.30 | 07.00 | 12.30 | 15.21 | 17.43 | 19.23 |
| 19, бэрэжьей | 05.28 | 06.58 | 12.30 | 15.22 | 17.45 | 19.25 |
| 20, махуэку | 05.26 | 06.56 | 12.30 | 15.23 | 17.46 | 19.26 |
| 21, мэрем | 05.25 | 06.55 | 12.30 | 15.24 | 17.47 | 19.27 |
| 22, щэбэт | 05.23 | 06.53 | 12.30 | 15.25 | 17.48 | 19.28 |
| 23, тхьэмахуэ | 05.22 | 06.52 | 12.29 | 15.26 | 17.50 | 19.30 |
| 24, блыщхьэ | 05.20 | 06.50 | 12.29 | 15.27 | 17.51 | 19.31 |
| 25, гъубж | 05.18 | 06.48 | 12.29 | 15.28 | 17.52 | 19.32 |
| 26, бэрэжьей | 05.17 | 06.47 | 12.29 | 15.29 | 17.54 | 19.34 |
| 27, махуэку | 05.15 | 06.45 | 12.29 | 15.30 | 17.55 | 19.35 |
| 28, мэрем | 05.13 | 06.43 | 12.29 | 15.32 | 17.57 | 19.37 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я ІуэхущІапІэм къыдитащ.*

## Гъэсыныпхъэ щхъуантІэр ирашалІэ

**Газыр здынэмыса унэхэм ар яхуешэлІэным ехьэлІауэ щыІэ программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ 2021 гъэм щегъэжьауэ. Абы лъандэрэ унагъуэ 3433-м газыр хурашэлІащ икІи абыхэм ящыщу унагъуэ 2100-м газыр къагъэсэбэп хъуащ.**

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, унэхэм газыр ешэлІэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым 8-нэ увыпІэр щиІыгъщ. «Газпром»-м и къудамэу щІыналъэм щыІэм дызэрыт илъэсым къриубыдэу унагъуи 126-м ар яхупищІащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, унэхэм газ ешэлІэнымкІэ къэралым щылажьэ программэм цІыхухэм Іэмал ярет а гъэсыныпхъэмкІэ къызэгъэпэща къуажэхэм е дачэ щІыпІэхэм щІэуэ щаухуа унэхэм я бжэІупэм нэс ар хурашэлІэну, абы щхьэкІи пщІэ щІамыту.

**БЭВЫКЪУЭ Алыдж.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Лъэпкъ щэнхабзэр зыгъэбея

**КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, сабий усакIуэ, уэрэдус, зэдзэкIакIуэ Щоджэн Леонид (Аслъэнджэрий) къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.**

ЩОДЖЭН Леонид Сулеймэн и къуэр къыщыхъуари тхэным щыдихьэхари Куба къуажэрщ. И ныбжь щынэсым, дзэм къулыкъу щищIащ. Донбассым щыIэ шахтэхэм щыIащ, зэрылажьэм хуэдэурэ КъБКъУ-р къиухащ. Къуажэ школхэм тхыдэмкIэ щригъэджащ. 1974 гъэм щыщIэдзауэ пенсэм кIуэхукIэ ар щылэжьащ КъБКъУ-м. Сабийхэм яхуэгъэза и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ абы къыдигъэкIащ: «Лъэмыж», «Къру ширхэр», «Псей щхъуантIэ», «Моцэрэ Бацэрэ», «Нэхунэ цIыкIухэр», «Еджэрей цIыкIухэр», «Псынэ цIыкIу», нэгъуэщIхэри. ФIэщщIыгъуейщ республикэм и сабий гъэсапIэхэм екIуалIэхэм Щоджэн Леонид и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ дамыхьэх, ахэр гукIэ зэзымыгъащIэ, абыхэм едэIуэну зыфIэмыфI щIагъуэ яхэту. КъищынэмыщIауэ, Щоджэным и IэдакъэщIэкIхэр сабий гъэсапIэхэм, курыт еджапIэхэм я пэщIэдзэ классхэм, КъБКъУ-м, абы и педколледжым я программэхэм хагъэхьауэ щрагъэдж. Леонид и усэхэм я нэхъыбапIэр теухуащ щIэблэм хьэл-щэн дахэ яхэлъу, хэкур, лъэпкъыр, анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу гъэсэным. КъэхъукъащIэхэм, щIыуэпсым, псэущхьэхэм, къуалэбзухэм, цIыкIухэм, нэгъуэщI куэдым ятеухуа и усэхэр жьгъырущ, зэгъэщIэгъуафIэщ, купщIэ яхэлъщ. Леонид и псалъэхэм макъамэ щIалъхьащ композиторхэу Къардэн Хьэсэн, Даур Аслъэн, Балэ Мухьэдин, Къэбэрдокъуэ Борис, Согуэ Данил, Жылау Арсен, Къул Амир, нэгъуэщIхэми. Щоджэн Леонид и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэми щызэIэпах. Щоджэным хэлъхьэныгъэфI хуищIащ цIыхум и гупсысэр, и акъылыр зыузэщI, абы зезыгъэужь адыгэ къуажэхьхэмрэ псынщIэрыпсалъэхэмри. УсакIуэм зэхилъхьащ къуажэхь минитIым щIигъу. Абыхэми щIэупщIэ яIэщ.

- Адыгэбзэм гууз-лыуз хузиIэхэм, гулъытэ ин хуэзыщIхэм ящыщщ си ныбжьэгъуфIу щыта Щоджэн Леонид. И усэхэмрэ уэрэдхэмрэ къадэкIуэу абы и къуажэхьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр уасэншэщ. Леонид и IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъ литературэм, Iуэрыуатэм, щэнхабзэм увыпIэфI щаубыд, цIыкIухэм я бзэр телъыджэу игъэшэрыуэрт - жеIэ радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI Тэтрокъуэ Астемыр.

Щоджэн Леонид жылагъуэ, политикэ Iуэхуми жыджэру хэтащ, адыгэбзэм, лъэпкъ Iуэхум телажьэ Хасэ и пашэу къызэрагъэпэщауэ щытащ. Бзэм, щэнхабзэм, литературэм теухуауэ цIыхубэр зыгъэпIейтей Iуэху зэIумыбзхэм гу лъитэу, ахэр зэфIэхыным хузэфIэкI хилъхьэу ар псэуащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

### *Щоджэн Леонид и усэхэр*

#### Ди Хэкур

**Дэ ди Хэкур
Къэбэрдейщ,
Ди псэ закъуэу
Ар дыдейщ.
Дэ ди Iуащхьэр
Iуащхьэмахуэщ,
Насып Iуащхьэу
ЩIым щынахуэщ.
Адыгэшхэр
Лъэрызехьэщ,
Шы щымыIэ
КъалъэщIыхьэ.
Дэ еджэным
Дыдехьэх,
Дэ лэжьэным
Дыдехьэх,
Уэрэд дахэу
ЖыдоIэф,
Псори екIуу
Дыкъофэф,
Нартыжь фащэри
Ди фащэщ,
Дэри Хэкум
Дыхуэфащэщ,
Ди Хэку дыщэм
Дыхуэфащэщ.**

#### Гъатхэ уэрэд цIыкIу

**Уэсыр текIыжати
ЩIылъэр бэуэжащ,
Жыгхэр къэгъэгъати
Бжьэ цIыкIухэр къежьащ.**

**Хьэндырабгъуэ цIыкIухэр
Накъыгъэм доджэгу,
Уэгунэбзу цIыкIухэр
Уафэм щоуэ Iэгу.**

**Ди хьэжьым гъуэлъауэ,
Дыгъэм зрегъэу,
КIущи хадэм кIуауэ,
И щхьэр трегъэу.**

**ПсыIэрышэ цIыкIур
Хадэбгъум йожэкI,
Гъатхэ уэрэд цIыкIур
Пшынэм кърегъэкI.**

#### Динэ пшынауэ

**Динэ Iэзэу
Пшынэ йоуэ,
Езыр пшынэм
Къыкъуэмыщ.
Къуалэбзухэм
Ар япоуэ,
ЯтекIуэныр
Зым щымыщ,**

**Динэ цIыкIур
Пшынэм щеуэм,
Джэдум ещIыр
Ислъэмей,
Абы декIуу
КъыдекIуэкIыу
Хьэмыщэжьи
Къыдолъей.**

#### Бажэр къуажэм

**Бажэм къуажэм
Къыщежыхь,
Уэрэд жиIэу
Къыщежыхь,
«Къызощэху,
Къызощэху,
Джэди, къази
Къызощэху,
Ауэ щIыхуэу
Къызощэху.
Бжьыхьэр къэсым
Фэсщэжынщ,
Ахъшэ куэдIей
Фэстыжынщ!»**

#### Хъарбыз

**Ныбэф цIыкIур
Уэсэпс йофэ,
Псыуэ зэфэр
Фоупс ещI...
И къежьапIэр,
Гъэгъа тIэкIущ,
ТIэкIур дыгъэм
Егъэбагъуэ,
Игъуэ нэсмэ –
И кур сыхъэщ
Сэр еIусэмэ,
ЗэщIотхъэ,
Унагъуэшхуэри
Дегъатхъэ.**

# Уэрэдыр зи Iэпэгъу

**Зи гъащIэри зи гуащIэри уэрэд жыIэным етауэ зыхь, цIыхубэм фIыуэ ялъагъу Къул ФатIимэ и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.**

ФАТIИМЭ Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм дэс мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Бынхэр зэшыпхъуитхурэ зы дэлъхурэ мэхъу. Абыхэм я адэр пасэу дунейм ехыжри, анэр и закъуэу къэнат. Ауэ, сабийхэм къахэжэпхъыкIым лэжьэн щIадзэурэ, унагъуэм исхэр зыр адрейм дэIэпыкъуэжурэ къэхъуащ. Курыт еджапIэм здыщIэсым, еблана-еянэ классхэм щынэсам, ФатIимэ уэрэд жыIэным хуабжьу дихьэх хъуащ. Абы и анэ Нащхъуи и анэшхуэ ГуащтIаси пшынауэ Iэзэт. ФатIимэ и адэ къуэш нэхъыщIэми макъ дахэ иIэт, уэрэд жыIэным дихьэхырт. Езым и шыпхъу нэхъыщIэри пшынауэт. ЖыпIэнурамэ, зэчий зыбгъэдэлъ защIэт и Iыхьлыхэр.

- Унэм щIэсхэм я щхьэр езгъэужэгъуауэ, жэщми-махуэми уэрэд жысIэрт, - игу къегъэкIыж ФатIимэ.

И шыпхъу нэхъыжь Тая нэхъыщIэм зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым гу щылъитэм, ар ишащ Нарткъалэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэща «Нартхасэ» къафэкIуэ-уэрэджыIакIуэ гупым и унафэщI ЖьакIэмыхъу Жансурэт деж.

«НтIэ, сыт хуэдэ уэрэд къызжепIэн, ФатIимэ?» - Жансурэт къыщыжриIэм, «Мадинэ оперэм щыщ ариер» - итыжат жэуап хъыджэбз цIыкIум. Ар гъэщIэгъуэн дыдэ щыхъуат унафэщIым. Абы щыщу зы пычыгъуэ жриIащ.

«Иджыри сыт къыджепIэн?» - къыщеупщIым, «Зыкинэ Людмилэ и «Оренбургский пуховый платок» жыхуиIэр фIы дыдэу солъагъури, ар бжесIэнщ», - жиIащ ФатIимэ. Абыи и зы пычыгъуэ едэIуащ ЖьакIэмыхъур.

«Мыхэр дэнэ щызэбгъэщIар?» - къыщеупщIым, «СыщыхущIыхьэхэм деж, телевизорым сыбгъэдэсщ», - итыжащ жэуап ныбжьыщIэм.

«Иджы, сэ фыкъызэдаIуэмэ, Тая, мыр цIыхубэ уэрэджыIакIуэ бэлыхь хъунущ, макъ лъэщ иIэщ, си деж къапшэмэ сыдэIэпыкъуфынущ», - жиIащ Жансурэт.

ИкIи, а махуэм щегъэжьауэ, ФатIимэ ЖьакIэмыхъум деж кIуэурэ, уэрэджыIакIуэ Iэзэ хъуащ. ГъэсакIуэм ФатIимэ и макъым хуигъэфащэ усэхэм макъамэ дахэ хущIигъэувэурэ, уэрэд куэд хуитхащ.

Жансурэт пшынауэ Iэзэт, макъамэтхт, ар щылажьэ ЩэнхабзэмкIэ унэм сабий куэд екIуалIэрт, макъ дахэ зиIэхэр уэрэд жыIэным Iэрыхуэ хуищIырт. Къулри, лъагъуэ хухэзышу, гъуэгу тезыгъэувар Жансурэтщ. ФатIимэ абы етIуанэ анэкIэ еджэу, и жыIэм щIэту, и чэнджэщ едаIуэу, а тIур илъэс тIощIкIэ зэбгъэдэтащ. «Нобэ апхуэдэ цIыху щэджащэ къызэрытхэмытыжыр си жагъуэ мэхъу!» - жеIэ ФатIимэ.

1978 гъэм Къэхъун и курыт еджапIэр къызэриухыу, Нарткъалэ дэт Винзаводым (шагъыр щащI заводым) ФатIимэ лэжьэн щыщIидзащ. Уэрэдыр зи Iэпэгъу пщащэр, а IэнатIэм зэрыпэрыту, зэман къыдигъахуэурэ и гъэсакIуэм деж кIуэрт. ФатIимэ и уэрэд жыIэкIэм арэзы техъуэ Жансурэт ар хигъэхьащ «ЦIыхубэ ансамбль» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща «Нартхасэ» гупым.

Ансамблыр а зэманым щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыкъыщигъэлъэгъуэну яшэрт. ФатIимэ зыпэрыт IэнатIэм къыхуигъэув къалэныр имыгъэзэщIауэ къаутIыпщынутэкъыми, егугъуу лажьэрт, фIыуэ илъагъу гупым щIэх зэрыхыхьэнум хуепIэщIэкIыу.

Къулым адыгэбзэкIи урысыбзэкIи гум дыхьэу уэрэд дахэ куэд егъэзащIэ. Ар щыIащ Румынием, Польшэм, Чехословакием, Тыркум, Иорданием, Иракым, Сирием, нэгъуэщI къэралхэми.

ФатIимэ урысейпсо утыкухэми ихьащ. Апхуэдэу ар хэтащ икIи зыкъыщигъэлъэгъуащ Москва къыщызэрагъэпэща «Русская зима», «Золотая осень» зэпеуэхэм, Дунейпсо Арт комитетым и къудамэхэм Ипщэ, Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэща «Добрые соседи» концертхэм, «Караван мира» кавказпсо зэхьэзэхуэм.

Апхуэдэуи, 1998 гъэм Налшык къалэ дэт Музыкэ театрым «Милая роща» и фIэщIыгъэу щекIуэкIа зэхьэзэхуэм «Гран-при» къыщихьауэ щытащ.

«Нартхасэ» ансамблым ФатIимэ щыхэтам, зэпеуэ дапщэ щыIами сытым щыгъуи «лаурет», «дипломант» цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Абы жиIэ уэрэдхэм я нэхъыбэр Хэкум, лъэпкъым, лъагъуныгъэм, анэм теухуащ.

Къулым адыгэбзэкIи урысыбзэкIи игъэзащIэу уэрэдищэм нэс республикэ радиом и «Дыщэ фондым» хэлъщ.

Пщащэм и уэрэджыIэкIэм дихьэха, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и унафэщI ЗэшэкIуу ТIэхьир ЖьакIэмыхъу Жансурэт, «мы хъыджэбз цIыкIум сыт хуэдэ консерваторие къиухар?» жиIэу, щеупщIым: «Тхьэ, ТIэхьир, мыбы зыри къимыуха! Сэ илъэс тIощI хъуауэ згъасэу аращ», - жриIат. «НтIэ, езыр арэзы техъуэмэ, си деж лэжьапIэ къэсщтэнт!» - жиIащ ТIэхьир.

Илъэс 25-рэ хъуащ филармонием зэрыкIуэри, нобэр къыздэсым игури и псэри етауэ, и лэжьэгъухэм фIыуэ къалъагъуу, гуп хыхьэкIи ищIэу яхэтщ.

ФатIимэ, лъэпкъым и щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр къалъытэри, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ.

Илъэс 50-м нэблэгъауэ утыкум ит ФатIимэ иджыри куэдрэ лэжьэну, гуфIэгъуэмрэ дахагъэмрэ щымыщIэу псэуну дохъуэхъу!

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪАНКЪУЛ Зазий** *ейщ.*

# Зэанэзэпхъум я гъэлъэгъуэныгъэ

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ модельер цIэрыIуэу щыта Шортэн зэанэзэпхъухэу Светланэрэ Мадинэрэ я лэжьыгъэхэр.**

УТЫКУ къэрахьащ Шортэн Светланэрэ Мадинэрэ я IэдакъэщIэкIа адыгэ цIыхубз фэилъхьэгъуэхэр. Апхуэдэу абы щагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэпэ Iэсэ, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр: Налшык къалэм Гъуазджэхэмкlэ и сабий школхэм, Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ Гъуазджэхэмкlэ сабий школым, Бахъсэн къалэм Гъуазджэхэмкlэ и сабий школым, Аруан къуажэм и курыт еджапIэм къыщызэрагъэпэща Модэмкlэ театрым я гъэсэнхэм я IэдакъэщIэкI фэилъхьэгъуэхэр, гъунэгъу республикэхэм къраша гъуазджэ лэжьыгъэхэр. Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа сурэтхэр, хьэпшыпхэр, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цIугъэнэхэр, гуащэхэр, уагъэхэр, тхыпхъэ хэдыкIхэр нэр зыгъэгуфIэт икIи щIэблэм я зэфIэкIыр нэрылъагъу пщызыщIт.

- Зи IэщIагъэм зэфIэкI инхэр щызыгъэлъагъуэу илъэс 60-м нэблагъэкIэ Iуэхум пэрыта Шортэн Светланэ гъащIэ дахэ къигъэщIащ, цIыху гуапэу, нэфIэгуфIэу щытащ икIи фIыкIэ дигу къинэжащ. И ехъулIэныгъэхэмкIэ ар Урысей псом къыщацIыхуа модельерт. Абы ди щIыналъэм къыщызэригъэпэща МодэмкIэ «Налкъутналмэс» театрыр мызэ-мытIэу щытекIуащ икIи щIыхь тхылъхэмрэ грантхэмрэ къыщахьащ Зайцев Вячеслав и жэрдэмкIэ екIуэкIыу щыта «Золотая игла» урысейпсо зэпеуэм. Къыхэгъэщыпхъэщ: къэралым и щIыналъэ 30-м нэблагъэм щыщхэр а зэхьэзэхуэм къекIуалIэрт, а псом уатекIуэнри зэрымытыншыр гурыIуэгъуэт. Иджы Светланэ и гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэр дызыгъэгуфIэщ, - жиIащ щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ «Достояние» лъэпкъыбэ центрым, мылъку къегъэщIыным пымылъ IуэхущапIэм и унафэщI Мер Людмилэ. – Светланэ ди республикэм щыпсэухэм ящымыгъупщэжын папщIэ, архив къудамэм абы и цIэр зезыхьэ фонд къыщызэIутхыну, и фэеплъ тхылъ ди центрым и лэжьакIуэхэм къыдэдгъэкIыну, къыщIэна лэжьыгъэхэр Лъэпкъ музейм щIэтлъхьэну ди мурадщ. Зэхыхьэм хэтахэм фIыщIэ фхуэфащэщ. ДяпэкIи ехъулIэныгъэхэр фиIэну ди гуапэщ!

Зэхыхьэ гуапэм щагъэлъэпIащ илъэс 15 хъуауэ къызэрагъэпэщ «Черкесский мир» лъэпкъыбэ зэпеуэ-фестивалым декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ щытекIуахэр. Абы я зэфIэкI щагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс (Гъуазджэмрэ щэнхабзэмкIэ къэрал колледж и Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэм и гъэсэнхэм), Осетие Ипщэ-Алание (ЩIэныгъэ гуэдзэнхэмкIэ центрым и гъэсэнхэм), Абхъаз Республикэм щыщ IэпщIэлъапщIэхэм. Выставкэм хыхьэу щIыхь тхылъхэр, медалхэр, статуэткэхэр щратыжащ зыхуагъэфэщахэм. Апхуэдэу ягъэлъэпIащ курыт еджапIэм технологиемкIэ и егъэджакIуэ Къардэн Ларисэ, илъэс куэд хъуауэ и гъэсэнхэм я гъусэу зэпеуэм зэрыхэтым икIи ехъулIэныгъэхэр къызэрыщахьым, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIым папщIэ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

# Ярыгиным и Кубокыр Азэмэт къехь

**Красноярск къалэм къекIыу хъыбар гуапэ мы махуэхэм къытIэрыхьащ. Ярыгин Иван и Кубокыр бэнэкIэ хуитымкIэ къэхьыным хуэунэтIауэ абы щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ ЗэкIуий Азэмэт.**

КИЛОГРАММ 92-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым хэт ди щIалэр зэпеуэм и кIэухым щыхуэзащ Дагъыстэным и спортсмен Ханиев Мухьэмэд-ТIэхьир икIи гуащIэу екIуэкIа зэIущIэр абы къыфIихьащ.

Зэхьэзэхуэм апхуэдэуи хэтащ ди республикэм и бэнакIуэ БищIо Тимур икIи домбеякъ медаль абы щызыIэригъэхьащ. Ари ехъулIэныгъэшхуэу къэплъытэ хъунущ, сыту жыпIэмэ, кIэух зэхьэзэхуэм и Iыхьэ плIанэм абы къыщыпэщIэтащ Олимп джэгухэм я чемпион Сидаков Заурбэч. ЗэIущIэм и бжыгъэр 3:1-уэ осетин щIалэр текIуащ икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ Ярыгиным и Кубокыр бэнакIуэ цIэрыIуэм еплIанэрэ къихьащ. БищIор щыбанэр килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я дежщ.

Ди спортсменхэм я тренерыр ЗэкIуий Арсенщ.

Иджырей зэхьэзэхуэм япэ увыпIэхэр къыщызыхьахэр хэтынущ мы гъэм мэлыжьыхьым и 7 - 15-хэм Словением бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIыну европей чемпионатым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Ярыгин Иван и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ илъэс куэд щIауэ ирагъэкIуэкI дунейпсо зэхьэзэхуэр пщIэ лъагэ зиIэ зэпеуэхэм хохьэ. Мы гъэм абы къерихьэлIащ хамэ къэралу 17-м я бэнакIуэ нэхъ лъэщ дыдэхэр, я хьэлъагъ елъытауэ зыхэт гупхэм бжыпэр щызыIыгъхэр.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● ФщIэн папщIэ

# УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд приставхэм мазаем и 3-м «линэ пщтыр» ирагъэкIуэкIынущ коллекторхэмрэ щIыхуэ зытхэмрэ ялэжь хабзэншагъэхэм ятеухуауэ.**

ЛЕЙ зытехьахэр щIэупщIэ хъунущ зэрыхуа щытыкIэм къызэрикIыну щIыкIэм, абы щхьэкIэ зэфIагъэкIын хуейхэм. Ахэр щыгъуазэ ящIынущ езыхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къащхьэщыжыным хуэгъэзауэ къэрал хабзэм щыубзыхуахэм, ягъэгува щIыхуэр зэрызытрагъэкIыжыну щIыкIэм, абы и лъэныкъуэкIэ суд приставхэм зэфIэгъэкIыпхъэхэм ятеухуауэ яIэ хуитыныгъэхэм.

ЦIыхухэр зыщIэупщIэхэм жэуап яритынущ управленэм хабзэр къызэгъэпэщыныкIэ, къэпщытэныгъэ-кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Казиевэ Маринэ Далхат и пхъум.

Фыпсалъэ хъунущ сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ15-м нэсыху.

«Линэ пщтыр» телефоныр: 8(8662) 42-77-56.

# МащIэкъым кърагъэлар

**Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ «Эльбрус» СОБР-р илъэс 32-рэ зэрырикъум хуэгъэпса зэIущIэ гуапэ.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР япэщIыкIэ дакъикъэкIэ щымащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэр ягу къагъэкIыжу. АдэкIэ СОБР-м и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и полковник Сунш Азэмэт гупым ехъуэхъуащ икIи фIыщIэ яхуищIащ къапэщыт къалэнхэр екIуу зэрагъэзащIэм папщIэ.

- Фэ евгъэкIуэкIащ Iуэху куэд, мащIэкъым цIыху гъащIэу къевгъэлар, щIэпхъаджащIэу фубыдар. Си фIэщ мэхъу адэкIи фи къалэнхэр пщIэрэ щIыхьрэ пылъу, екIуу зэрывгъэзэщIэнур, - жиIащ Суншым.

ЗэIущIэм и кIэухыу ведомствэ дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр иратащ къыхэжаныкIа лэжьакIуэхэм.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Еллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр № 148
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Марьянэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.